ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№14 (23.984) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэралым и Унафэщ Iым иригъэкIуэкIыну зэIущIэшхуэр зыгъэхьэзырхэм КIуэкIуэ Казбек яхэтщ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «IэщIагъэ нэс зиIэ лэжьакIуэхэр экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ папщIэ гъэхьэзырынымкIэ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумымрэ Урысей Федерацэм и Президентым и деж ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ советымрэ зэщIыгъуу иригъэкIуэкIыну зэIущIэр зыгъэхьэзырхэм я зэхуэсым.

СЕМИНАРЫМ и лжьыгъэм зэхэщIыгъ Урысейм и Правительствэм и лжьакIуэхэр, къэралым и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, экспертхэр. Ахэр хэпIыащ къэралым и Унафэщым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува Iуэхуэхэр дэгъэкIыным хуэунэтIауэ къыхалъхьахэм.

Семинарым къыщIэтащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лжьэкIэр къэгъэщIэрэщIэжыным, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ папщIэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырыр егъэфIэкIуэным, егъэджэныгъэр лжьыгъэмкIэ рынкым къигъэувэкм егъэзэгъэным, иджыпту нэхъ зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэм я спискэр убзыхуным.

Къэрал Советым и Президиумымрэ Урысейм и Президентым и деж ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ советымрэ я зэIущIэр мазаем и 6-м кIуэкIыну. Путин В. В. зэрыжиIамкIэ, зэIущIэм щыхэплъэнущ «егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным и лъэныкъуэкIэ ягъэ иГъэщIыпхьэхэм, IэнатIэр гъащIэм. кэцIгъэувэм нэхъ ягъэгунэгъу щIыным». ЩхьэхуэзУ тепсэлъыхьынущ экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным и лъэныкъуэкIэ УФ-м и субъектхэм яIэ мыхьэнэр къэIэтыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэр.

Налшык къалэ округым хиубыдэ Белэ Речкэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Налшык къалэ округым хыхьэ Белэ Речкэ къуажэм и щIыналъэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкърыт псэущхьэ щыIэу наIуэ къыхэращIам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукъ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Федеральнэ закон №4977-1-м и 17-нэ статьям тетыу икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкъ и управленэм и унафэщым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ветеринариемкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэм 2020 гъэм щыIыпхьэм и 31-м къиГъэхьа тхыгъэ №38-02-06-120-м тету, хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Налшык къалэ округым хыхьэ Белэ Речкэ къуажэм и щIыналъэм щыщу ищхъэрэ, ищхъэрэ-кIыхьапIэ лъэныкъуэкIэ Биттировым и уэрамым, ипщэкIэ Налшык псычхъэм, къуэкIыпIэмкIэ губгъуэм я къуэхьым къриубыдэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) махуэ 60 пIалъэкIэ щыГъэувын.

2. Карантиным хиубыдэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щыпIэм унагъуэ Iэщыр щагъэхъуну, абы ирашурэ нэгъуэщIыпIэ яшэну, ящэну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкъ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэр Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 4-м
№13-РГ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2020 гъэм щыщIыпхьэм и 13-м *Налшык къалэ* *№1-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII:**

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокIадэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №256-ПП-мкIэ къищтам, халъхьэ зэхуэхьэкIыныгъэхэр мы унафэм и гуэдзэным кьыззрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **МУСУКОВ Алий**

Энергетикхэм я лэжьыгъэр щагъэпсынщIэ

Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэм ящыщу хым я энергетикхэм иджыблагъэ зэрылажьэну техникэщIэр къалэрыхьащ. Ахэр сэбэн хуэунущ IэщIагъэлIхэр нэхъ псынщIэу щыпIэ пхыдзахэм нэсын, электрокъарур падзэжын, къутагъэхэр зэрагъэпэщIыжын папщIэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР зэкIэлъагъэкIуэн папщIэ зыхуеину техникэу, автомашинэу 165-рэ трагуэшащ Ставрополь крайм, Дагъыстэн, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм.

- Ди IэщIагъэлIхэм я бригадэхэр зэрызекIуэну «УАЗ» автомашинэу 13 къратащ. «Россети Кавказ Ищхъэрэ» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и унафэщым и япэ къуэдзэ Мисиров Борис къызэрихигъэщамкIэ, иджыри автомашинэ псынщIэу тхурэ автовышкэу щыгъэ къыдатынущ, - кIыжриIащ корреспондентым «Россети Кавказ Ищхъэрэ» - «Къэббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и инженер нэхъыщхьэ Егъэн Алибэч.

Мы Iуэхур нэгъэбэ кIьжьауэ щытащ. Абы щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Iэнатlэм чэнджащ иратат Iэмэпсымэхэмрэ техникэмкIэ къызэрызэгъэпэщар иригъэфIэкIуэну. Иджырей техникэр «Россети Кавказ Ищхъэрэ» компаниением иахъшэкIэ къащэхуащ. АвтомашинипщIыр районхэм щыIэ Iуэхущ Iапlэхэм зырызу трагуэшэнущ. Зыр Бахъсэн и коммунальнэ сетхэм, зыр Налшык щыIэ подстанц нэхъыщхьэм иратынущ, зыр технологическэ Iуэхуэхэм елэжь бригадэм иригъэбыдыдIэнущ. Ар сэбэп хъунущ энергиер къагъэсэбэну щIэзыдзэкэр зэман кIэщIым электрокъарукIэ къызэгъэпэщынымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Россети Кавказ Ищхъэрэ» компаниемрэ стратегие зэдэлэжьэныгъэм теухуа я зэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзым республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхIагъэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и электроэнергетикхэр иджырей Iэмэпсымэхэмрэ техникэмкIэ къызэгъэпэщынымк мыхьэнэшхуэ зэриIэр. А Iуэхур гъэзэщIэным пыщIа зы Iыхьэщ автомобилыщIэхэр къызэращэхуар.

- Дэ хуабжьу дызыхуэныкъуэ техникэщIэр къызэрыГъэрыхьам ди лэжьыгъэр нэрылъагъу дигъэкIынущ, - жиIащ «Россети Кавказ Ищхъэрэ» - «Къэббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэм электроIэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ и слесарь Къудей Аслъан. - Транспортым и лжьыгъэм елъытащ зэкIэлъымыкIуагъэхэр къыщыхъуа щIыпIэхэм и зэманым дызэрыпсэунур, электрокъарур къызэгъэсэбэпхэм я Iуэхур нэхъ псынщIэу зэрыдэдгъэкIыфрынур.

«Россети Кавказ Ищхъэрэ» компанием къыIэрыхьа автомашинэ псори а зэгухьэныгъэм и геоинформацэ системэм пыщIауэ щытынущ. Iэмал къитынущ сыт хуэдэ зэманми техникэр зэздыщIэ щыпIэр тэмэму убзыхунымкIэ икIи ар нэхъ сэбэп пылъу къэгъэсэбэпынымкIэ.



Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуозэ

Къэралым и парламентархэм щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI тхьэмахуэ лжьыгъэм хиубыдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий Налшыкрэ Нарткъалэрэ щыпсэухэм ящыщу зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуэзащ.

ЦIЫХУХЭМ къаIэта Iуэхуэр теухуат псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщыным, гугъуехь хэхуа унагъуэ щхьэхуэхэм ядэIэпыкъуным, сабий садхэмрэ еджапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыным, нэгъуэщIхэмк.

Депутатым зыкъыхуэзыгъэзахэм я лъэIуэхэм ялкъ иткIэ хьэлъэу сымаджэ сабийр Нарткъалэ ирашу Москва яшэн папщIэ зыхуей псори къызэрагъэпэщащ, Налшык щыщ ныкъуэдыкъуэм къызэрикIухьын гу цIыкIу къыхуащэхуащ, гуэзвэгъуэ хэхуа, Бахъсэн районым щыщ цIыхубзым ахъшэкIэ дэIэпыкъуащ.

Нэхъ зэпкърыхауэ зыхэплъэн хуей тхьэусыхафэхэм ялкъ иткIэ депутатыр зыхуэфащэ ведомствэхэм щыщIэупщIэнурэ зэхигъэкIынущ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолий хуэзэну хуейхэм абы и электрон пощтыр къагъэсэбэпу зрагъэтх хъунущ - bifov@duma.gov.ru.

ЦIыхухэм фэбжь ямыгъуэтын папщIэ

ЛэжьапIэ IэнатIэхэм фэбжьхэр къыщымыгъэхъуным теуха урысейпсо щIэныгъэ конференцыр мы гъэм япэу къыщызэрагъэпэщар ди щIыналъэрщ. КъБР-м и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIа конференцыр къыщызэIуахым хьэщIэхэм фIэхъуус псалъэхэмкIэ зауиГъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат.

- ХУАБЖЬУ си гуапэщ Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэр хьумэным теухуауэ къызэригъэпэщ Iуэхуэр гъэзэщIэныр ди республикэм къыщыщIидзэну зэрыгурыхуар, - жиIащ абы. - И инагъым, зи мылъкуу щытым, зэрихьэ Iуэхум, лэжьакIуэу иIэхэм я куэдгъым емылъытауэ, дэтхэнэ Iуэхущ Iапlэми зыхуигъэувыж къалэнхэр щигъэзэщIэсфынур цIыхухэм я узыншагъэр хьумэныр япэ иригъэщмэщ. Аращ а Iуэхур стратегие къалэн ину сытым дежи къыщIалъытэр.

Къэпсалъэм зэрыжиIамкIэ, цIыхухэм я узыншагъэр, я гъащIэр лэжьапIэ Iэнатlэхэм щыхьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Iуэхуэр яунэтI «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр лэжьапIэкIэ къызэрэгъэпэщыныр» къэрал программэм «ЛэжьапIэ Iэнатlэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ лэжьыгъэр хьумэнымрэ» и программэ къуэдзэм тету.

А программэ къуэдзэм икIи иткIэ Iуэху зэхьилIэужьыгъуэу 72-рэ ягъэзэщIэн хуейщ. А Iуэхуэхэр зэщIыгъуу иригъэкIуэкI республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм, къэрал властым и зыхуэфащэ гъэзэщIакIуэ органхэм, республикэм Социальнэ страховани мкIэ и фондым, КъБР-м Лэжьыгъэмкъ и къэрал инспекцэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, профсоюз зэгухьэныгъэхэм, лэжьапIэ зытхэм я зэгухьэныгъэхэм. Ахэр Iуэхум тэмэму зэрыбгъэдэтым и щыхьэтщ лэжьапIэ Iэнатlэм фэбжь щызыгъуэтхэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыкIэрыхур.

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкъ и законодательствэр дяпэкIэ зэрырагъэфIэкIуэнум тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэр хьумэнымкIэ и департаментым и унафэщI **Корж Валерий**.

- ЦIыхум лэжьапIэ Iэнатlэм щынагъуэ къыщыцIемыхьэнымкIэ, абы и гъащIэр хьумэнымкIэ IэмалыщIэхэр къэгъэсэбэныным иджыпту гулъытэ хэха щIыхьащIым и щхьэусыгъуэр сыт? Гъэ къэс дуней псом лэжьапIэ Iэнатlэхэм щIэщхьу мелуан 374-рэ къыщохьу, цIыху мелуанищым нэблагъэ хокIуадэ. Iэнатlэхэм насыпыншагъэхэр къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ зэрыщымыгугъум къыхэкIыу секунд 14 къэс зы цIыху хокIуадэ, - жиIащ Корж Валерий. - Абыхэм я процентипщI къудейр техническэ щхьэусыгъуэхэм япыщIащ, адрей щIэщхьу псори къызыхэкIыр Iэнатlэхэр тэмэму къызэрызэрамыгъэпэщырщ, шынагъуэншагъэмкIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм тклийуэ зэрыщыкIэлъымыплъыщ.

УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм лэжьыгъэр хьумэнымкIэ и департаментым и унафэщым къыхигъэщхьэхукIащ иужьрей илъэспщI-пщыкIытIым IэнатIэхэм къыщыхъу фабжьхэр хуэдизым нэблагъэкIэ зэрагъэмэщIэфар.

Конференцым кърихьлIакъэм я пащхьэ къыщыпсэльащ лэжьапIэ Iэнатlэхэм фэбжьхэр къыщымыгъэхъуным пыщIа Iуэхуэр зэхэзылъхьэ, ахэр зыубзыку Iэщагъэлlэхмрэ унафэщIхэмрэ: лэжьакIуэхэм фэбжь ямыгъуэтын папщIэ Iэнатlэхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къагупсысынымрэ щIынымрэ елэжь ассоциацэм и президент **Котов Владимир**, лэжьапIэ Iэнатlэхэр тэмэму къызэгъэпэщынымрэ цIыхухэм я узыншагъэр хьумэнымрэ пыщIа Iуэхуэхэм елэжьу Клин къалэм дэт институтым и генеральнэ директор **Москичев Андрей** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Конференцым и япэ Iыхьэм хэтащ социальнэ, еджапIэ Iуэхущ Iапlэхэм, щIыпIэ унафэ зезыгъакIуэ органхэм, узыншагъэр хьумэнымкIэ Iуэхущ Iапlэхэм я гъащIэм я лIыкIуэхэр. ЩIэныгъэ конференцым и етIуанэ Iыхьэр зэхуэщIауэ иратекIуэкIэ хэщIыныгъэшхуэт - тенджызым кIуIыкIу щIызыщIэ апхуэдизу дзэ унафэщI ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэкIуэдатэкъым.

♦1998 гъэм Наганэ къалэм (Япония) къыщызэIуахащ XVIII ЩIымахуэ Олимп Джэгуэр. Абы щыгъуэщ Олимп Джэгуэхэм сноубордымкIэ зэпеуэхэри щыхагъэхьар. Олимпиадэр мазаем и 22 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1999 гъэм Иорданием и пащтыхь хъуащ Хьусейн и къуэ Абдалла ЕтIуанэр.

♦2014 гъэм Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщызэIуахащ XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ди къэралым нэхъапэм ЩIымахуэ Олимпиадэр зэи щекIуэкIа-тэхьым. Джэгуэхэр мазаем и 23-м зэхуащIыжащ.

♦Инджылыз тхакIуэ цIэрыIуэ, роман тIощIым щIигъу зи Iэдакъэм къыщIэкIа **Диккенс Чарльз** къызэралъхуэр ильэс 208-рэ иригъэщ.

♦КъБР-м и цIыхубз, РСФСР-м щыIыхь зиIэ artист, Къабардинэ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъым я макъэмэ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Ашуров Танахум** къызэралъхуэр ильэси 130-рэ иригъэщ.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Антонов Олег** къызэралъхуэр ильэси 114-рэ иригъэщ.

♦УсакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** къыщалъхуэ махуэщ.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Цой Анитэ** и ныбжьыр ильэс 49-рэ иригъэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэрIуэ, роман тIощIым щIигъу зи Iэдакъэм къыщIэкIа **Диккенс Чарльз** къызэралъхуэр ильэс 208-рэ иригъэщ.

♦КъБР-м и цIыхубз, РСФСР-м щыIыхь зиIэ и artист, Къабардинэ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъым я макъэмэ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Ашуров Танахум** къызэралъхуэр ильэси 130-рэ иригъэщ.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Антонов Олег** къызэралъхуэр ильэси 114-рэ иригъэщ.

♦УсакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** къыщалъхуэ махуэщ.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Цой Анитэ** и ныбжьыр ильэс 49-рэ иригъэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэрIуэ, Налшык уфаусэ щыщытынущ, пIалъэрпIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Зэгурыуэ я Iуэху псынщIэщ.

Тек Iуэныгъэ Иным и щIыхькIэ къыдэкIа медалыр ветеранхэм иратащ

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкъ Зэщ Iэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым иджыблагъэ щекIуэкIащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ фIым къиуухъуреихьауэ щыта Ленинград къалэм къыдэнауэ дэсахэмрэ щагъэлъэпIа зэIущIэ.

«1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ иригъащэ» юбилей медалхэр нэхъыжьыфIхэм яратащ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и чэнджэщагъэу БетIрожь Сослъэнбэч. Абы ветеранхэмрэ зэман хьэлъэм Ленинград щыпсоуахэмрэ фIыщIэ яхуищIащ лIыгъэшхуэ къызэрагъэлъэгъуам папщIэ.

Медалхэр зэкIэ ветеранхэм ящыщу тхум иратауэ аращ. Дызэрыт мазэм кьриубыдэу дамыгъэ лъапIэр Хэку зауэшхуэм и ветерану, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуауэ, тылым щылэжьауэ, бийм и концлагерхэм балигъ мыхъуауэ щаIыгъауэ, бийм къиуухъуреихьа Ленинград къалэм дэсауэ цIыху 860-м иратынущ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iанэр.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жащми мазаеми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 6, *махуэку*

♦ЦIыхубзхэм я узыншагъэм эзран хуэхъу операцыхэр емыкIуэжкIыным и дунейпсо махуэщ

♦Таджикистаным и милицэм и махуэщ

♦1886 гъэм нэмыцэ химик Винклер Клеменс германий элементыр къигъуэтащ.

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теухуа декрет къыдэкIащ.

♦1930 гъэм Совет Армэм и академическэ театр нэхъыщхьэр къызэIуахащ. Иджыпсту ар Урысеидзэм и академическэ театр нэхъыщхьщ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦1936 гъэм Гармиш-Партенкирхен къалэм (Германие) къыщызэIуахащ IV ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 16 пщIондэ екIуэкIащ. Бгым лыжэкIэ кьежэхыным хьыхь слалом-гигант спорт лIэужьыгъуэмкIэ япэ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIар абы щыгъуэщ.

♦1943 гъэм СССР-м Курган областыр къыщызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Лондон къыщызэрагъэпэщащ Профсоюзхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1968 гъэм Гренобль къалэм (Франджы) къыщызэIуахащ Х ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр къызэIуихат а къэралым и президент Шарль де Голль. Джэгуэхэр мазаем и 18-м зэхуащIжащ.

♦2004 гъэм Москва и метром и «Автозаводская», «Павелецкая» станцэхэм я зэхуэкум лагъым къыщыуащ. Абы цIыху 41-рэ хэкIуэдауэ, 250-м щIигъум фэбжь хахауэ щытащ.

♦США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989 гъэхэм а къулыкъум тетащ) **Рейган Рональд** къызэралъхуэр ильэси 109-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубз артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт** къызэралъхуэр ильэс 97-рэ ирокъу.

♦СССР-м узыншагъэр хьумэныкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубз дохутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр ильэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, «Любэ», «Иванушки Интернэшнл», «Корни», «Фабрика» уэрэджыIакIуэ гуп цIэрыIуэхэр къызэзыгъэпэща, УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щыIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Матвиенко Игорь** и ныбжьыр ильэс 60 ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Апэ канал» телекомпанием и генеральнэ унафэщI **Эрнст Константин** и ныбжьыр ильэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист цIэрыIуэ **Чернышёв Пётр** и ныбжьыр ильэс 49-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **ПщIыкI Латмир** и ныбжьыр ильэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэрIуэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 17, жэщым градуси 4 - 5 щыхьэнущ.

Мазаем и 7, *мэрем*

♦Хьэрычэт Iуэхум теухуа щIэныгъэ зэгъэгъэтым и махуэщ

♦Тэтэрстан Республикэм и Гербым и махуэщ

♦Гренадэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыльхуар (1974 гъэм) егъэлъапIэ.

♦Таиландым удз гъэгъахэм я фестиваль щекIуэкI

♦1780 гъэм Сыктывкар къалэм и лъабжьэр яГъэтылъащ. Иджы ар Коми Республикэм и къалащхьэщ.

♦1795 гъэм Хаджиевэ кхъухь тедзапIэм и цIэр Одессэу зэрахъуэкIащ.

♦1855 гъэм Курилхэмрэ Сахалинрэ зэхуэгъэшыным теухуа урыс-япон зэгурыIуэныгъэм Iэ тращащ.

♦1857 гъэм пащтыхь Александр ЕтIуанэм Iэ щIидзащ урысей гъуцI гъуэгуэхэм я зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦1893 гъэм США-м щыщ инженер Крей Алан мафIэкIэ зэрагъэункIыфI Iэмэпсымэ щыхьэригупсысам щыхьэт техьуэ дэфтэр иратащ.

♦1981 гъэм Ленинград деж къыщыхуэхащ Ту-104 кхъухь-пIьатэр. Абы исащ СССР-м и хы Хуэм флотым и унафащI псори. ХэкIуэда цIыху 52-м щыщу 16-р адмиралрэ генералрэ, япэ рангым и капитанхэр тIощIым нэблагъэт. Къэралым и дежкIэ ар икIуэкIэ хэщIыныгъэшхуэт - тенджызым кIуIыкIу щIызыщIэ апхуэдизу дзэ унафэщI ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хэкIуэдатэкъым.

♦1998 гъэм Наганэ къалэм (Япония) къыщызэIуахащ XVIII ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Абы щыгъуэщ Олимп Джэгуэхэм сноубордымкIэ зэпеуэхэри щыхагъэхьар. Олимпиадэр мазаем и 22 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1999 гъэм Иорданием и пащтыхь хъуащ Хьусейн и къуэ Абдалла ЕтIуанэр.

♦2014 гъэм Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщызэIуахащ XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ди къэралым нэхъапэм ЩIымахуэ Олимпиадэр зэи щекIуэкIа-тэхьым. Джэгуэхэр мазаем и 23-м зэхуащIыжащ.

♦Инджылыз тхакIуэ цIэрыIуэ, роман тIощIым щIигъу зи Iэдакъэм къыщIэкIа **Диккенс Чарльз** къызэралъхуэр ильэс 208-рэ иригъэщ.

♦КъБР-м и цIыхубз, РСФСР-м щыIыхь зиIэ и artист, Къабардинэ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъым я макъэмэ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Ашуров Танахум** къызэралъхуэр ильэси 130-рэ иригъэщ.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Антонов Олег** къызэралъхуэр ильэси 114-рэ иригъэщ.

♦УсакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** къыщалъхуэ махуэщ.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Цой Анитэ** и ныбжьыр ильэс 49-рэ иригъэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэрIуэ, Налшык уфаусэ щыщытынущ, пIалъэрпIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Зэгурыуэ я Iуэху псынщIэщ.

● Пшыхьхэр

Зи ІуэхущІафэхэр мыкІуэдыжын

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысей Федерацэм щыіэ зиІэ и юрист, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ипэ президенту щыта Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм теуха фэеплъ пщыхьэщхьэ. Ар къыззэыгъэпэщари езыгъэкІуэкІари ДАХ-рщ.

ФЭЕПЛЪ зэхьыкъэ щагъэлъэгъуагъ Къалмыкъым и гъащІэмрэ и Іуэхущ Іафэхэмрэ ятеуха документальнэ фильмыр.

Пщыхьэщхьэр къыщыхэІуихыным, ДАХ-м и президент **Сэхъуокъуэ Хьэутий** къриохьэлІа псоми фІыщІэ яхуиІащ. Абы и къэпсэльэныгъэм къыхигъэщащ Къалмыкъ Юрэ, гъащІэшхэ къимыгъэщІами, къыхуиуха ильэсхэр Іуэхущ Іафэ куэдкІэ гъэнщІауэ зэрыщІы-тар. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ЗаконодательствэмкІэ и комитетым и унафэщІу щыта, УФ-м юстицэмкІэ и министр лэжьа, Урысейм Шынагъэшаг-ъэмкІэ и Советым, УФ-м и Къэрал Думэм хэта ди лъэпкъэгъум и гъащІэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ зыубгъуауэ тепсэльыхьащ Сэхъуроку-ъэр.

КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэзэгъэуіу советым и - унафэщІ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къалмыкъ Жылэбий** къызэхуэсахэм ягу къІигъэкІыжащ Совет Союзым лъэпкъэжа нэужь лъэпкъ мащІэхэм я зэхуаку къыдэхъуэу щыта бэІу-тІэлухэм хуэдэ гуэр ди Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщІымыхьуамкІэ фІыщІэшхуэ Къалмыкъ Юрэ зэрыбгъэдэлъыр.

- Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхэнщ абы къытхуигъэна и Іуэхущ Іафэхэр, ахэр мыкІуэдыжынщ, - жиІащ абы.

КъБКъУ-м и проректор, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Къажэр Артур** и гугъу ищІащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ Къалмыкъым и Іуэхущ Іафэхэр щІэныгъэр и лъабжьэу джын зэрыхуейм. Апхуэдэуи, Къажэрым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ политик цІэрыІуэм теухуауэ «Википедие»-м иралъхьа тхыгъэр зэрымащІэм, икІи ар Іэмал имыІэу зэрыгъэзэкІуэжьыпхъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Дзэмыхь Къасболэт** къызэхуэсахэм и гугъу яхуищІащ Къалмыкъым и щІэныгъэ-лэжьыгъэхэм. Апхуэдэуи, ди къэралым «Граждан кодексыр тыгъэ хуэзыщІа цІыхуу» ар зэрыщытыр жиІащ.

«Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Жылэгъащэ Хьэчим** и къэпсэльэныгъэм къыхигъэщащ Къалмыкъым теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр.

Псалъэ гуапэхэр Къалмыкъ Юрэ хужаІу, ар ягу къыгъэкІыжу къэпсэльэхэщ юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат **ГъукІэпщокъуэ Мурат**, жылагъуэ лэжьакІуэхэу **Шэру Хьэутий**, **Губэщ ыкІ Жантемыр**, **Аслъэн Алий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● Егъэджэныгъэ

«Уи гъуэгур езым къыхэхыж»

Налшык и курыт еджапІэхэм щаублащ «Уи гъуэгур езым къыхэхыж» зыфІаща проектым хыхьэ япэ зэІуцІэхэр.

КЛАСС нэхъыжьхэм щеджэхэм ІащІагъэ тэмэм къыхахыным теуха мы Іэхуи и кІалэн нэхъыщхьэр школыр къззыххэр ди зэманым щІэупщІэ нэхъ зиІэ ІащІагъэхэр сыт хуэдэхэрами щыгъэгъуэзэнырщ.

«Нобэм къэскІэ а кІалэныр класс унафэщІхэм я пщэ ІэнатІэхэм я лъабжьэ ящыІу зэрыщытри.

«Уи гъуэгур езым къыхэхыж» проектым хыхьэу социологхэм, психологхэм, гъэсакІуэхэм зэгъусэу класс нэхъыжьхэм щеджэхэм драгъэкІуэкІынуц Іэщ Іагъэщхьэхэуэхэм уахэзыгъэгъуазэ еджэныгъэхэр, лекцэхэр, джэгуакІэхэр. Апхуэдэу ныжьбыщІэхэр дяпэкІэ предприятэхэм, еджапІэхэм, медицинэ, мэкъумэщпромышленнэ Іуэхущ ІапІэхэм яшэнущ, иджырей сату зэхущытыкІэхэм хагъэгъуэзэнущ. Семинархэм къыщыпсэльэнущ психологхэр, социологхэр. Іуэхум апхуэдэу еджакІуэхэм я адэ-анэхэри кІыхьашэнущ, чэнджэщ щхьэпэхэри иратынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Министрыр цІыхухэм яхуозэ

Къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Павлов Василий цІыхухэм яхуэзащ.

ЦІЫХУ 30-м щІигъум зыкъыхуагъэзащ абы упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Аэр теухуат следственнэ, жылагъуэ хабзэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэм я Іуэхущ ІапІэхэм, министерствэм и лэжьакІуэхэмра пенсионерхэмра я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэным, унэ кІащ эхуным е яухуэным хухах социальнэ ахъшэр кІыззэрыхуатІыпщ щыкІэм, апхуэдэуи ведомствэм кІуныкъу щызыщІэну хуейхэр кІыззэращтэм.

Зыкъызэрыхуагъэза дэтхэнэ Іуэхури Павлов Василий и нэІэм щІигъэуващ икІи хабзэм тету абыхэм жэуап иратынущ, кІэт министерствэм и пресс-Іуэхущ ІапІэм.

Министрыр цІыхухэм щаІущІащ КъБР-м щыІэ МВД-м жылагъуэм щахуэзэ и егъэблэгъапІэм.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

ТекІуэныгъэм и сэлэт хахуэ ШащІэ Мухьэжыр

Зы махуэм нэхъ гъунэгъу дыхуещІ ди къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщІ щыІнапІэхэми мы гъэм щагъэлъэпІэну махуэшхуэм - 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум. Абы ирихьэлІэу дигу къыдогъэкІыж а фІыгъуэ мылъэтэр - щхьэхуитыныгъэр - ди хэку иным къыхуэзыхьа совет зауэлІ хахуэхэм я цІэхэр. Абыхэм яхэтщ зэрахьа лІыхъужьыгъэ инхэмкІэ цІэрыІуэ хъуахэри хэкум и пащхьэ щаІа къалэнхэр къэмыланджэжу, нэсу зыгъэзэщІауэ, арщхьэкІэ зи цІэхэр иджыри къэс хэІущІыІу мыхъуахэри. Иужьрейхэм, ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщІэ зи ГъащІэр зытыну хьэзыру псэзэпылъхьэпІэ Іэнатіэм Іутахэм, ящыщщ ШащІэ Мухьэжыр Аслъэнбэч и къуэр.

АРУАН щІыналъэм хыхьэ Къэхуэн къуажэм дэса ШащІэ Аслъэнбэч и унагъуэр, властыщІэм иубыху псэукІэщІэм и тельхьэу, гуащІэдэкІ лэжьыгъэм зыпылъымыдзу гъащІэр ирахьэкІащ. Зэщхьэгъусэхэм Тхьэшхуэр къззэрыхуэупсэм Тхьэшхуэр ящІэрыхуэупсар бынитІ къдейт: зы къуэрэ зыпхъыкІэ. Аэр нэхъыжьхъэм ягъэсэрт, лъэпкъ хабзэмрэ бзыпхъэмрэ тету, нэмыс яхэлъу. Хъыджэбзыр анэм и щапхъэр и гъуаззу, унагъуэ Іуэхуэхэм хуэІэкІуэлъакІуэу къэхъуащ. Мухьэжыр зыфІаща щІалэр адэм и гъукІэгъэсэнти, жьлэм щызэгъуфагъащІэ колхозым щекІуэкІ мэкъумэш лэжьыгъэхэм хэтт, гугъуехьхэм запылъымыдзу, пщэрылъ хъыщащІ сыт хуэдэ Іуэхури ныкъуасаныгъэнщІэу зэфІихыу. Адэ-анэм я бынхэр япІырт, щІэныгъэ иратырт, гъащІэм и хьугъуэфІыгъуэ псори абыхэм къайбхъулІэным щІэхъуэпсу, я щІэблэ Іэфіым, мащІэм хуаІэ гупсысэ дахэхэр я гум щызэрагъэзахуэу.

Совет Союз къэралышхуэм щыпсэу апхуэдэ унагъуэ мелуанхэм гъащІэм хуаІэ а хьуэпсапІэхэр зэуэзэпсэу къызэпиудащ къэхъеяз зауэм. А зэманым Мухьэжыр хэкум къупльыкъу хуищІэу Дзэ Плъыжьым хэтт, Аруан щІыналъэм щыІэ дзэ комиссариатым и тхылъкІэ абы ираджэуэ. Ялэ махуэхэм къыщыщІэдзауэ ар зауэлІэм Іухьащ икІи ІныкъэрэІ хахуагъэрэ къигъэльагъуэу бийм пэщІэтащ. УФ-м ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и Архив Нэхъыщхьэм щІэлъ дэфтэрхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, ШащІэр зэуапІэм Іутащ, Ипщэ, Ипщэ-Къухьэпіэ, Белорус фронтхэм хэту. Адыгэ щІалэщІэр 1942 гъэм и дыгъэгъазэм и 20-м къыщыщІэдзауэ хэтащ ЕплІанэ шууей дивизионым, иужькІэ Ебланэ Бэракъ Плъыжьэхьэ шууей корпусым и 57-нэ топгъауэ дивизион хэхам. Жэуаплныгъэ инм зыхэлъ щІалэ набдзэгубдзапІэр тІасхъэщІэх гупым ящыщти, зэрыхабзэу, бийм и щЫбагъ къэдрэ дыхьаш, ди дзэхэр Іэмалыншэу зыхуеину хъыбархэр, «бэгуэхэр» кьихьу.

Сталинград дежь щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм ди къэралым и дежкІэ мыхьэнэуэ яІам дыщыгъуазэщ. «ИкІуэт» жьхуаІэ псалъэр езыхэм ехьэлІауэ зэи зэрыщымытынур хьэкъуэу зи фІэщ хъужа нэмыщдзэр абдеж хьэлъэу щыхагъэщІауэ щытащ ди зауэлІхэм. Фашист зэрыпхъуакІуэхэм щхьэмыгъазэу ягъэщІэта сэлэтхэм яхэтащ ди лъахэгъу адыгэ щІалэ хахуэри. Сталинград нэмыщІэхэм ящыхъунэу, абы и Іэшэлъашэхэм щекІуэкІа зэзауэ инхэм щызэрихьа лІыгъэм къыпэкІуэу ШащІэ Мухьэжыр 1943 гъэм и щэкІуэгъуэм къыхуагъэфащауэ щытащ «Сталинград зэрахъумам папщІэ» медалыр. А дамыгъэ лъапІэр щэкІуэгъуэм и 7-м и саулыкъкІэ зэуэлІэм щызэхаша зэІущІэм гвардием и генерал-майор Константинов Михаил щаритыкъуэ щытащ зауэлІ хахуэхэм. А дзэпщ къэмыІэнджэжым и унафэм щІэту, ШащІэм адэкІи пищащ и зауэ гъэзэгуанэм. Ар хэтащ Днепр, Вислэ, Одер псыхэм деж, нэгъуэщІ щыІпІэхэми щекІуэкІа зэзауэхэм.

1944 гъэм Холм къалэм пэмыжьжьхэу екІуэкІа зауэхэм лІыгъэшхуэ щызэрихьащ Мухьэжыр. *«Гвардием и рядовой, тІасхъэщІэж ШащІэ Мухьэжыр, пщэрылъ кьихуащІа къалэнхэр игъэзащІэу, гу лъытащ бийм и топгъауэ батареемрэ лагъымыдзэхэмра. Аэр лъэпощхьэпоушхуэ хъурт, ди дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр кьызэпауду. Бийм и тІасхъапІэхэр кьихутэурэ, ди топгъауэхэм хьыбар яригъащІащ ШащІэм. А хьыбархэм я фІыгъэкІэ а быдапІэхэр зэкъэкутауэ щытащ...»* Апхуэдэ сатырхэр итщ ШащІэр зыхэт дивизионым и командирым абы теухуауэ итхауэ щытта, и Іэ зыщІэлъ тхылъым. А тхылъэр и тегъэщІапІэу, 1944 гъэм и щыщхьэуІум адыгэ щІалэ хахуэм кьыхуагъэфащауэ щытащ «Хахуагъэм папщІэ» медалыр. Дызэрыщыгъуазэщи, сэлэтхэм хуагъэфащэ хабзэ а дамыгъэр хуагъадэрт «Совет Союзым и ЛІыхъужь» щІыхьыщІэм щыгъу Вагъуэм. Куэд дзэмыкІыу, зауэлІым и бгъэгум щылыдащ «Вагъуэ Плъыжь» орденри.

ШащІэ Мухьэжыр и зауэ гъэзэгуанэм епха нэгъуэщІ тхыгъэхэри щІэлъщ ди къэралым и Дзэ Архив Нэхъыщхьэм, УФ-м ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и нэІэм щІэту Подольск къалэм щыІэм (ЦАМО РФ). Мис иджыри абыхэм ящыщ зы: *«1945 гъэм и щІышылэм и 14-м, Калин къалэр бийм кьыІэщІэгъэкІыжьнымкІэ екІуэкІ зззауэхэм хэту, ныжьжьгъу ШащІэ Мухьэжыр лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльэгъуащ. ТасхъэщІэх къэмылэнджэжым еш имыІэу кІэльыплъныгъэхэр игъэкІуэкІащ а щІыпІэм икІи кьихутащ бийм и лъэсдзэ куэд абдеж зэрыщыдзэхуэсам. АбыкІэ ШащІэм хъыбар иригъащІащ топгъауэ батареем и унафэщІым икІи бийм и дзэхэр топкІэ зэтракъутащ. Апхуэдэу кьызэпыуда хуэащ кьытпэщІэт дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр. Апхуэдэу, Петдник къалэм и Іэшэлъашэм 1945 гъэм и мазаем и 16-м щекІуэкІа зззауэ гуащІэхэм тІасхъэщІэх ШащІэм иригъэкІуэкІа кІэльыплъныгъэм ипкъ иткІэ, ныІуэ кьэхуащ ди дзэхэм кьахуэхуэну хьэзыру а щІыпІэм бийм и топитІ зэрыщІэзыувар. Ныбжьэгъу ШащІэм абыкІэ хъыбар яригъэщІащ батареем. ПІалъэ кьыкъмыкІыу, ди топхэр яхуащ бийм и дзэм икІи ахэр ирагъэкІуэтащ, ебгъэрыкІуэныгъэм щІадзэным ипэкІэ. Абы и фІыгъэкІэ ди дзэхэм Іэмал ягъуэтащ здынэса щІыпІэм нэхъри зыщагъэбыдэну. Зззауэ щекІуэкІым щыгъуэ, зауэлІ ШащІэм езым и Іэщ эмкІэ ирагъащІ бийм и сэлэти 7. Гвардием и рядовой, тІасхъэщІэж ШащІэ Мухьэжыр хуэфащэщ «Вагъуэ Плъыжь» къэрал правительствэ дамыгъэ.*

57-нэ топгъауэ батареем и командир, гвардием и майор Зубин Д..

Гъатхэпэм и 17, 1945 гъэ»

Командованием хуагъэхьа а дэфтэрым кьыщыгъэлъэгъуэ Іуэхугъуэхэм ябгъ иткІэ, зауэлІ ШащІэ Мухьэжыр етІуанэу хуагъэфащащ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр. Ар абы зэрыратамкІэ унафэр 1945 гъэм и гъатхэпэм и 27-м кьыдэкІащ, гвардием и генерал-майор Изумрудов Григорий и Іэр щІалъэ.

Мухьэжыр ящыщащ Берлин нэсахэми. Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ ихуа нэужь, ШащІэр хэтащ 1945 гъэм и щыщхьэІу - фокІадэ мазэхэм екІуэкІа Совет-Япон зауэми. Абыи текІуэныгъэр кьыщахьа нэужьи, дзэ кьулыкъум занщІэу кьыхагъэкІыжакъым Мухьэжыр.

Щалъхуа щІыналъэм ар кьыщыкІуэжыфар 1946 гъэращ, занщІэуи жьыджэру яхуащ фашист зэрыпхъуакІуэхэм зэкакъута щыхуба хозяйствэр зэфІэзыгъэувэж кьуажэдэхэм. Ар учётчикыу илъэс зыхыблкІэ щылажьащ Къэхъуи къуажэм щызэхэхьащ Мухьэжыр. Ар дэмыкІыуи унагъуэ иухуащ, Кыржнхэ япхъу Лела щхьэгъусэ ищІри. Зэщхьэгъусэхэм Тхьэр къаззэрыхуэупсэну къахуиухар Хьэдис щыфІаща зы щІалэ закъуэкІэт. А сабийм и ныбжьыр илъэситІ ирикъуа кьудейуэ арат и адэм и жьауэр щыщхьэщыкІам: зауэм кьрика фэбжьхэр кьэятэкри, Мухьэжыр 1953 гъэм дунейм ехьажащ.

«Щэ и уасэу зы уэстын хьэмэрэ зы и уасэу щэ уэстын?» адыгэ псалъэжьым зи гугъу ищІ, щыхуищэм я пІэ иувэфын зы кьуэу Хьэдис хъуащ Мухьэжыр и дежкІэ. Абы лэжьыгъэшхуэ зэфихащ и адэм и щІэр зэфІэгъэувэжыным епхаэр.

- Си адэр дунейм ехьжа нэужь, зэман дэкІри, си анэм (ар щІалэ дыдэу фызабэу зэчыпІэ) унагъуэ иухуэжащ, бынифІи хъужащ. Сэ си анэшхуэ Кыржнн Лъостэ сыбгъэдэсащ, ар дунейм ехьжьыху. ИужькІэ сапІэжащ си анэр зэрыс Тамбийхэ, я бын дыдэм хуэдэу сыкъалъагъуу. Балигъ сыкъэхъури, унагъуэу сытІысыжащ, си адэ тхьэмыщкІэр зыдэса хьэблэми сыІэпхъуэжащ, - жеІэ Хьэдис. - Сыщынэхъ сабийм кьысфІэІуэхущэу щымытами, нэхъ ин сыхъуа нэужь, ТекІуэныгъэм и махуэр щыдгъэлъапІэкІэ, сигу кьыІырт си адэр. Ар Хэку зауэшхуэми Совет-Япон зауэми лЫигъэ хэлъу зэрыхэтам щыгъуаззт ди кьуажэдсхэм ящыщ куэд, арщхьэкІэ абыхэм щыхьэт техьуэ дэфтэр гуэри кьыщІэнатэкьым. Си адэр кьытехуэу Налшык сымаджэщым яша нэужь, ахэр зэрымыщІэкІэ кІуэдауэ жаІэжащ иужькІэ.

Дауэ хъуми, жьлэм дэс ветеранхэр щаІэт, зауэм хэкІуэдахэм е абы и ужькІэ дунейм ехьахэм я цІэхэр щыжаІэ кьуажэпсо зэхуэсхэм Хьэдис и адэ лІыхъужьым и цІэр зэи кьыщраІуэртэкьыми, ар игу кьеуэрт щІалэм. Нэхъыжьхэм захуигъаззми, кьикІ щыІэтэкьым: и псалъэм щыхьэт техьуэ дэфтэр гуэри ІэщІэлътэкьыми. Апхуэдэу Іуэхур щыхьум, Хьэдис мурад ищІащ и адэр Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам щыхьэт техьуэ тхылъхэр, ахэр щыІэхэмэ, кьигъуэтыну, хэІущІыІу ищІыну. А ІуэхумкІэ абы зыхуигъэзащ Аруан щІыналъэм и дзэ комиссариатым и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа Лыджьдэ Борис. А кьулыкъущІэм ШащІэ Мухьэжыр Аслъэнбэч и къуэм теухуа хъыбархэр кьыщыгъэлъэгъуэжа дэфтэрхэр ди щІыпІэм кьыхуагъэхьыжьыну зэрыт лъэІу тхылъ игъэжьащ Подольск къалэм щыІэ, УФ-м ЗыхьумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и Дзэ Архив Нэхъыщхьэм, абы и зауэ гъэзэгуанэр зэфІэгъэувэжьынымкІэ сэбэп кьахуэхьуну щыгугъыу. Жьэпапм куэдрэ пэплъащ, сыту жьпІэмэ дэфтэр хъумапІэм щІэлъ тхылъэм я нэхъыбапІэм «Щэхуу яхъумэ» мыхъурыр тещІати, хуиту наІуэ кьыщІэщІ хъуртэкъым. А дамыгъэр зауэ архивхэм я нэхъыбапІэм трахьжу «эзІуахэ» нэужь, ШащІэ Хьэдис кьыхуагъэхьыжащ и адэ Мухьэжыр ехьэлІауэ дэфтэр хъумапІэм щІэлъ тхылъ псоми я копиехэр, ди тхылъ кьыщытхъахэри хэту.

- Кьыхэгъэщыпхъэщ Лыджьдэм нэмыщІ, Іуэхум лъэкІ кьамыгъанэу зэрыхэлЫфІыхьар Хэку зауэшхуэм хэтахэм я цІэхэмрэ я дамыгъэхэмрэ кьэлъыхьэжьыным, зэфІэгъэувэжьыным ехьэлІауэ лэжьыгъэхэр зэфІэзых хэкупсэхэу зэадзэзэпхъу Нэхущхэ Ахьмэдэр Дианэри, - жеІэ Хьэдис. - Си адэм и цІэ пэжыр, абы и зауэ гъэзэгуанэмрэ зэрихьа лІыгъэхэм папщІэ кьыхуагъэфаща дамыгъэ лъапІэхэмрэ хэІущІыІу хъужьныкІэ сэбэп кьыхуэхьэуа псоми фІыщІэ ин яхуэощ. Дэ гугъу кьызэрыддехьар псапэу Тхьэм кьаритыж. Си адэм и цІэ пэжыр, абы и зауэ гъэзэгуанэмрэ зэрихьа лІыгъэхэм папщІэ кьыхуагъэфаща дамыгъэ лъапІэхэмрэ хэІущІыІу хъужьныкІэ сэбэп кьыхуэхьэуа псоми фІыщІэ ин яхуэощ. Дэ гугъу кьызэрыддехьар псапэу Тхьэм кьаритыж. Си адэм и пэсри Тхьэм щигъэгъуфІыкІ и цІэр дяпэкІэ щІыхь пІытУ кьызэрыраІуэнум.

Апхуэдэу, лЫигъэрэ хахуагъэрэ хэлъу, нэгъуэщІхэм щапхъэ яхуэхъуу, Хэкум и кьыщыкъэжакІуэ нэсу фронтым Іутащ, мамыр гъащІэр кьэралым щызыІухуэжакъым яхэтащ ШащІэ Мухьэжыр Аслъэнбэч и къуэр. Дунейм зэрытетыну Тхьэшхуэм абы хухихар илъэс 30 кьудейт. А зэман кІэщІыр абы кьыгъэщащ и напэрэ и пщІэрэ емыпцІыжу. Адэм и щапхъэм тету мэпсэу абы илъ зыщІэту дунейм кьытрина и щІалэ закъуэ Хьэдис. Нобэ ар унагъуэ дахэщ: и щхьэгъусэ Дахэуэс (ар Езийхэ япхъущ) и тепІэкІи хьэл-щэнкІи и цІэм ещхьщ - дахэщ, Іэдэбщ, щэныфІэщ. Зэщхьэгъусэхэм я кьуэзакъуэ Мухьэмэд ирагъэгъуэтащ зэрыпсэуфым щІэныгъэрэ Іэщ Іагъэрэ, унагъуэуи ягъэтІысыжащ, Рае зи цІэ (ар Бэрэгъунхэ япхъущ) тэрч пщащэ цІыкІр нысэу кьашэри. Нэхъыжьхэр щогугфІыкІ зи щІалэгъуэкІэ кьыкІуэрыхуэупсэ я кьуэрыпхъу щІыкІуІтым: Идаррэ Имранрэ, абыхэм я япэ лъэбакъуэхэм, ехьулІэныгъэхэм кІэлъоплъ, ГъащІэр нэхъ Іэфі, щІэщыгъуэ кьащьхьуу. Хьэдисрэ Дахэуэсрэ я щІэблэ дахэр гъэ кьэс хэтщ ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ирихьэлІэу, хабзэ хъуауэ, иужьрей илъэсхэм кьызэрагъэпэщ «Полк уахъТынш» пэкІум, я адэшхуэ лІыхъужьхэу ШащІэ Мухьэжыр Езий Алийрэ я сурэтхэр лъагэу яІыгъуу, абыхэм зэрахьа лІыгъэхэм иригушхуэу. Хьэдис и адэ жьлагъуэм щІэ щигъэтэгъыжьыным хуэгъэпсэуэ Кьэхуэ Кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Къандзхэу Леонид кьыхилъхьа Іуэхугъуэхэм ящыщ ШащІэ Мухьэжыр щыпсэуэ уэрамым абы и цІэр фІэщыныр. ЩІыпІэ самоуправлензм и депутатхэр а Іуэхум мыгувэу хэпІэнуц.

Зи гугъу фхэтщІа лІыхъужьхэм хуэдэхэм я гъащІэр щапхъэ яхурырехъу абыхэм кьащІэувэжэм. ШащІэ Мухьэжыр Аслъэнбэч и щхьэгъусэ Дахэуэсрэ и Іуэхущ ІапІэ щІэлъ щигъэтэгъыжьыным хуэгъэпсэуэ ЗиІэ адрей цІыхухэм. ТекІуэныгъэ Иным щІата уасэ лъапІэм еш диныІуэ щыгъуазэ хуэдвгъащІ ди щІыналъэм кьихъуэ щІэблэр. Лъэужьыншэрэ хьыбарыншэрэ иремыхъу зы цІыхуфІи зы Іуэхуфіи.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Курск деж щрагъэкІуэта фашистхэм лагъымхэр куэду зыщІэлъ губгъуэхэр кьызэранэкІырт. *1943 гъэ.*
Сурэтыр тезыхар дзэ корреспондент **Тёмин Викторщ.**

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

БэлэрыгъыпІэ яІэкъым

Дзэлыкъуэ щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэм зыхуагъэхьэзыр.

МЭКЪУМЭШ Іуэхущ ІапІэхэм бжьыхьэсэ гуэдзу гектар 800-м нэблагъэм, хъэпщІийр гектар 200-м нэсым хасащ, гъатхэпэм хьэсэпкъхэм гъавэр щхъуантІэу кьыщызэщІэрыуэнуи мэгугъэ. Абдеж яужь ихьэнущ зи чэзу лэжьыгъэхэми: хьэсэхэр ягъэщІэбэнущ, хущхъуэгъуэзэмрэ щІыгъэпшэрхэмрэ халъхьэнущ.

Хозяйствэхэр зыхуейнухэмкІэ нэсу кьызэгъэпэщащ, жылапхъэхэмкІи бэлэрыгъыркъым. Нэхъапэм ахэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьыщащэхуу щытамэ, нобэ ди республикэм иІэщ ди щІыпІэм сыткІи езэгъ жылапхъэфІхэр къэгъэкІыным телажьэ опытнэ хозяйствэхэр, мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт. Абыхэм иужьрей илъэсхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэ купщІафІэхэм я фІыгъэкІэ мэкъумэш Іэнатіэ псоми и чэзум яІэрохьэ зыхуеину жылэхэр.

Мы зэманым хозяйствэхэм бэлэрыгъыпІэ ямыІэу мэкъумэш техникэхэри гъатхасэм хуагъэхьэзыр.

Гъэ кІуам мы районым кІэртІофыр гектар 470-м нэсым, сэхуранир гектар мини 2-м нэблагъэм кьыщрахьэлІэжащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Къэбэрдей шухэм Бромберг къащыщыщIар

● Тхыдэ

ЩIэныгъэр зи тегъэщIапIэ «БлэкIаищ1э» («Новое прошлое») журналыр Тэн Iус Ростов къыщыдокI Ипщэ Федеральнэ университетым (ЮФУ) и нэIэ щIэту. Илъэс блэкIам дунейм кIэытехьа абы и еплIанэ кIыдэкIыгъуэм КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Мэрзей Аслъэнбэчэрэ а институтым и аспирант Абей Iэсиятрэ я тхыгъэ телъыджэ кIэытехущ: «Бромберг щекIуэкIа хеящIэр: Кавказ-бгырыс дивизионым (Варшавэ щыIэм) щыщ къэбэрдей шухэм къащыщIар». («Бромбергский процесс - продолжение истории: происшествие с уроженцами Кабарды - всадниками Кавказско-горского (Варшавского) дивизиона»).

**Хъыбарыр зытеухуар Пруссие щIыналъэм хыхьэ Бромберг къалэм щекIуэкIа суд Iэухущ. Къэбэрдейр 1822 гъэм урыс пащтыхьыгъуэм и унафэм зыIэщIиубыда нэужь, зауэлI къулыкъуэр Iэщ1агъэ зыхуэхъуа адыгэ щIалэхэм урысыдзэм хыхьэну фIэкIа, нэгъуэщI хэкIыпIэ къахуэнэртэкъым. Апхуэдэ дзэ зэгъэпэщахэм язт Польшэм къулыкъу щызыхь Кавказ-Бгырыс дивизионыр. ЗауэлI къалэныр хъарзынэу езыхьэкI адыгэ шууипщIым (я щIэ-унэщIэхэри къокIуэ) дзэм и кIэущкIэ щызекIуэ зэхэтыкIэ пхъашэр ягу темыхуэу, езыхэм ящыщ зы тезыр ирагъэхьу зэраубгрэжьар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, Пруссие пIэнныкъуэм зратыну мурад ящIащ. Польшэмрэ Пруссиемрэ я гъунапкъэр зэпауплIащ, Крушвицэ жыхуаIэ кIалэм дыхьэхэри, «щIыхуфIхэм я тепщэ пащтыхьыфIым» и унафэ щIэувэну зэрамурадыр жраIащ кIапэува пльырхэм. КъалэущIахэм апхуэдэ хуитыныгъэ яIэтэкъыми, шууипщIри Иноврацлав къалэщхуэм яшэ, зыхуейр хуащIэну загъэхьэзыр хуэдэу. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Урысеймрэ Пруссиемрэ яку зэгурыIуэныгъэ дэлът, щIэпхъаджащIэхэмрэ щIэпхъуэжахэмрэ яIэрыхьэмэ, ахэр зейм иратыжьын зэрыхуейр щыубзыхуауэ. Арати, казармэхэм бгъэдаша нэужь, адыгэ щауэхэр щыгъуазэ ящI я Iэщэр ямыту зэрымыхъунум, езыхэри я тепщэгъуэм ирамытыжьыну зэрыхуимытым. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэну Iуэхум хэлъыр адыгэхэм нэмыцэбзэ зэрамыщIэрт. Ауэ лыхъыбзэ (польскэ) тIэкIу къызыгурыIуэ Нэфон Бэчмырзэ «Iэщэ» псалъэр и тхьэкIумэзэ иIуати, «адыгэхэм Iэщэ зыпщIэхахьырхым» яжриIащ. Зауэм теуауа роман гъэщIэгъуэным ещхьу щIэныгъэлIым къиIуэтэж хъыбарым теухуа сатырхэм къеджэну хуейр Интернетым идогъэблагъэ, газетым апхуэдэ Iэмал къызэрыдимытым къыхэкIыу. КIэщIу жыпIэмэ, Iэщэ къыпщIэхахьу ирызыдзэм зыхуамурад адыгэ шууипщIым щыщу тIур яуклIащ, иджыри тIу уIэгъэм илIыкIащ. Къэнаиахьр тхыгъэр зытеухуа Бромберг хейщIапIэм утыку къыщрашэщ, укI тезыр къытралъхьэным и пIэкIэ, зэрыпхъэкIуэхэм псэемыблэжу пэщIэт пIэпкъ Iэзрыязехьэм къызэрызэкIар къыхагъэщрэ пщIэшхэрэ къыхуащIу я судыр ящIэри, урысей пащтыхьыгъуэм и Iэмыщ1э имыхуэн хуэдэу унафэ къытращIыхьащ. Нэхъ гукъинэжу дызытепсэлъыхь тхыгъэм къыхэщIар Бромберг хейщIапIэм и уэчылым (адвокатым) и къэпсэлъэныгъэрщ. Ди щIэдэжыкIакIуэхэм папщIэ ар Мэрзей Аслъэнбэчэрэ Абей Iэсиятрэ я тхыгъэм къызэрыщыкIуэм хуэдэу адыгэбзэм къидгъэзэгъащ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Жыгхэм я дуней

Сурэтыщ1 гъуэзджэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, къыщыдзэIуахащ театр сурэтыщ1 Дэцырхъуей Руэанэ и Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. «Дерева вы мои, дерева» зыфIища зэIущIэм бзылъхугъэ гуащIафIэм утыку къыщирихьащ живопись, графикэ, сценографие жыпхъэхэм ирутищIа лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

Дэцырхъуей Руэанэ

... ДЭНЭКIИ жыгщ, цIыхухэм, уафэмрэ щIыпIэмрэ, псым, дыгъэм - псоми жыгым и кIару ящIэлъщ, ахэр жыгым «и псэ-кIэ» мэпсэу. Дэтхэнэми жыг «къокIыкI», къуршым жыг хъщ1окI, псым жыг къыхокI. Псэ зыIут псори зэрыбгъуэн, зэрыпсэуи, дунейм къыщыхъухэр зэрызыхащIэм и дамыгъэ хъуащ Руэанэ и жыгхэр...

Дэцырхъуейм Косыгин А. Н. и цIэр зэрихьэу Москва дэт текстильнэ академиемк прикладной гъуэзджэмкIэ и факультетыр 1998 гъэм къызэриухыу, Налшык къигъэзжащ. Иджыпсту ар щолажьэ КъБР-м и Музыкэ театрым, художник-постановщикыу, артистхэм я щыгъыныгъуэхэмкIэ сурэтыщIу. 2005 гъэм абы и щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэ иIащ. Дуней тепльэгъуэхэмрэ цIыхухэм сурэт ятрищIыкIынымрэ зыхилъхьэ щыIэкъым Руэанэ, езым и псэм и щытыкIэр, дунейм и зэхэпльыкIэр абыхэм нэхъыфIу къагъэлъагъуэу къелъытэри.

- КъБР-м и Сурэтыщ1эхэми, Театр лэжьакIуэхэми я союзхэм хэт Дэцырхъуей Руэанэ и зэфIэкI куэдрэ щIыгъэльэгъуащ театрым ехьэлIа Iэдакъэщ1экIхэм я выставкэу ди къаралым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къыщызэрагъэпэщащхэм, мыяз-мытIэуи абыхэм щытекIуащ, - жиIащ зэIущIэр къыщыдзэIуихьым Театрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Фырэ Майе**. - Апхуэдэу щытми, нобэ Руэанэ дигъэлагъу и Iэрыкlэхэр щIэщыгъуэщ, нэгъуэщIынэкIэ абы и гуащIэм дезыгъэплъщ. Си щхьэкIэ, гухэхъуэгъуэ ин къызитащ нобэрей зэIущIэм. ФыщIэшхэу хэфащэщ КъБР-м и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм, ди республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ цIыху зэчиифIэм и творчествэм щыгъуазэ защIыну Iэмал зэраритам папщIэ.

Сурэт щхьэхIэплъыкIэхэмрэ нэхутхьэхухэмрэ музейм и пэщIэр зэрауфэбгъуэр, абыхэм уи гур зэрыхагъахъуэр къыхихIэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий**. «ФльаГъуэхэр Дэцырхъуейм и Iэдакъэщ1экIхэм я Iыхьэ мащIэщ. Абы и театр лэжьакIуэхэр мызэкIэ утыку къытхьакъым, ауэ ахэри куэд мыщIэу зэрыфIальэгъунум шэч къытесхьэркъым. Руэанэ и жэрдэмхэр сыт щыгъуи дэтIыгъыну дихьэзырц», - жиIащ абы.

Дэцырхъуей Руэанэ и гугъу гуапэу ищIащ актрисэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Бечелоевэ Людмилэ**, къыхихъэщащ Руэанэ итхьэхъэзыра спектаклым зэрыщыджэгуар, абы хэтахэм ящыгъэ кIэстумхэр Балъкъэр театрым и Iэтпльпльыгъэ нэхъыфIхэм зэращыщыр. Абы и псалъэхэм къыпищащ Музыкэ театрым и режиссёр **Сафаровэ Тамарэ**. «Сурэтыщ1 гъэщIэгъэнщ, - жиIащ абы Дэцырхъуейм щхьэкIэ. - Зэгъуэгу дызэлажьа спектаклхэр щыIащ, псалъэ лей хуэмейуэ, лэжьыгъэр зэрыслъагъур зыхэзыщIэ икIи къэзыщIэ, зи дуней щхьэхуэ зиIэж цIыхуущ. Ар щымылажьэу Музыкэ театрыр си нэгу кьыстхущIэгъэхьэрхъым. Тхьэм иригъэфIакIуэ!»

ЗэIущIэм и кIэухуэу сурэтыщIым ехьэхъуащ и адэ Хьэгъэжей Мухьэмэдрэ и тхьэмадэ Дэцырхъуей Мусэрбийрэ. Езым псалъэ щратым, гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

Дэцырхъуей Руэанэ и Iэдакъэщ1экIхэм я гъэлъэгъуэныгъэр мазаем и 16 хъухукIэ екIуэкIынущ. Ар ззэыгъэлъагъуну хуей псоми яхуэзIухащ музейм и бжэр, мэремым фIэкIа къэмынэу, махуэ къэс.

ИСТЭПАН Залинэ.



ЩIэныгъэр зи тегъэщIапIэ «БлэкIаищ1э» («Новое прошлое») журналыр Тэн Iус Ростов къыщыдокI Ипщэ Федеральнэ университетым (ЮФУ) и нэIэ щIэту. Илъэс блэкIам дунейм къытехьа абы и еплIанэ кIыдэкIыгъуэм КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Мэрзей Аслъэнбэчэрэ а институтым и аспирант Абей Iэсиятрэ я тхыгъэ телъыджэ къытехущ: «Бромберг щекIуэкIа хеящIэр: Кавказ-бгырыс дивизионым (Варшавэ щыIэм) щыщ къэбэрдей шухэм къащыщIар». («Бромбергский процесс - продолжение истории: происшествие с уроженцами Кабарды - всадниками Кавказско-горского (Варшавского) дивизиона»).

**Хъыбарыр зытеухуар Пруссие щIыналъэм хыхьэ Бромберг къалэм щекIуэкIа суд Iэухущ. Къэбэрдейр 1822 гъэм урыс пащтыхьыгъуэм и унафэм зыIэщIиубыда нэужь, зауэлI къулыкъуэр Iэщ1агъэ зыхуэхъуа адыгэ щIалэхэм урысыдзэм хыхьэну фIэкIа, нэгъуэщI хэкIыпIэ къахуэнэртэкъым. Апхуэдэ дзэ зэгъэпэщахэм язт Польшэм къулыкъу щызыхь Кавказ-Бгырыс дивизионыр. ЗауэлI къалэныр хъарзынэу езыхьэкI адыгэ шууипщIым (я щIэ-унэщIэхэри къокIуэ) дзэм и кIэущкIэ щызекIуэ зэхэтыкIэ пхъашэр ягу темыхуэу, езыхэм ящыщ зы тезыр ирагъэхьу зэраубгрэжьар зэрыхуэхъури, Пруссие пIэнныкъуэм зратыну мурад ящIащ. Польшэмрэ Пруссиемрэ я гъунапкъэр зэпауплIащ, Крушвицэ жыхуаIэ кIалэм дыхьэхэри, «щIыхуфIхэм я тепщэ пащтыхьыфIым» и унафэ щIэувэну зэрамурадыр жраIащ кIапэува пльырхэм. КъалэущIахэм апхуэдэ хуитыныгъэ яIэтэкъыми, шууипщIри Иноврацлав къалэщхуэм яшэ, зыхуейр хуащIэну загъэхьэзыр хуэдэу. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Урысеймрэ Пруссиемрэ яку зэгурыIуэныгъэ дэлът, щIэпхъаджащIэхэмрэ щIэпхъуэжахэмрэ яIэрыхьэмэ, ахэр зейм иратыжьын зэрыхуейр щыубзыхуауэ. Арати, казармэхэм бгъэдаша нэужь, адыгэ щауэхэр щыгъуазэ ящI я Iэщэр ямыту зэрымыхъунум, езыхэри я тепщэгъуэм ирамытыжьыну зэрыхуимытым. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэну Iуэхум хэлъыр адыгэхэм нэмыцэбзэ зэрамыщIэрт. Ауэ лыхъыбзэ (польскэ) тIэкIу къызыгурыIуэ Нэфон Бэчмырзэ «Iэщэ» псалъэр и тхьэкIумэзэ иIуати, «адыгэхэм Iэщэ зыпщIэхахьырхым» яжриIащ. Зауэм теуауа роман гъэщIэгъуэным ещхьу щIэныгъэлIым къиIуэтэж хъыбарым теухуа сатырхэм къеджэну хуейр Интернетым идогъэблагъэ, газетым апхуэдэ Iэмал къызэрыдимытым къыхэкIыу. КIэщIу жыпIэмэ, Iэщэ къыпщIэхахьу ирызыдзэм зыхуамурад адыгэ шууипщIым щыщу тIур яуклIащ, иджыри тIу уIэгъэм илIыкIащ. Къэнаиахьр тхыгъэр зытеухуа Бромберг хейщIапIэм утыку къыщрашэщ, укI тезыр къытралъхьэным и пIэкIэ, зэрыпхъэкIуэхэм псэемыблэжу пэщIэт пIэпкъ Iэзрыязехьэм къызэрызэкIар къыхагъэщрэ пщIэшхэрэ къыхуащIу я судыр ящIэри, урысей пащтыхьыгъуэм и Iэмыщ1э имыхуэн хуэдэу унафэ къытращIыхьащ. Нэхъ гукъинэжу дызытепсэлъыхь тхыгъэм къыхэщIар Бромберг хейщIапIэм и уэчылым (адвокатым) и къэпсэлъэныгъэрщ. Ди щIэдэжыкIакIуэхэм папщIэ ар Мэрзей Аслъэнбэчэрэ Абей Iэсиятрэ я тхыгъэм къызэрыщыкIуэм хуэдэу адыгэбзэм къидгъэзэгъащ.

Судыр зэрекIуэкIар. Вольф-уэчылыр кавказырысхэм къащхьэщок

ПСЭУУЭ хъэна адыгэхэр - Нэфон Мусэ, Мэлбахъуэ Нэдий, Гуэбзакъуэ Щолэхъу, Хьэпэ Джырандыкъуэ, Ерчэн Мусэ, Къэуафэ Умар сымэ - 1851 гъэм щIыщыIэм и 20-м Бромберг къалэм и суд пащхьэм иуващ. Iэхуум къарахьэIа дэфтэрхэм къыхэщIырт «ягъэкъуаншэ псоми мусЛыкъэм диныр зэрызэрахьэр, Кавказым хыхьэ Къэбэрдейм зэрыщыщыр. Нэфоныр илъэс 26-рэ, Хьэпэр - 30, Мэлбахъуэр - 31-рэ, адрей щыр илъэс 19 зэрыхъур».

Нэфон Бэчмырзэ нэмыщI, ягъэкъуаншэ псоми адыгэбзэ фIэкIа зэрамыщIэм, нэмыщбзэкIэ зэрымыпсалъэм къыхэкIыу, судым тэрмэшитI кIрашалIэнэр игъуэу къалъытащ. АбыкIи зэфIэмыкIыкI, Кавказым и тхьэм хэзыщIыкI, Урысейм щыпсэуа Iэщ1агъэлI граф фон Симониц кърагъэблэгъащ. Къыщхьэщыжьи зыныкъуэм къыбгъэдэкIыу псэльар Вольф-уэчылырыр. ЯгъэкъуаншэкIэм ущIэ зэрыратари жэуап къызэрыIахыжари щIэзэжьауэ Гагрэ пэгуфIэгъу Бик псыежэхым нэс зэщызыубгъуа кавказ лъэпкъыбзэ зэрыщытыр. Ахэр пщы-уэркъхэу, цIыху щхьэхуитрэ-пщылIхэу зэхэтщ, а псоми ислъам диныр зэрахьэ. ХьэщIэхуэфIхэрэ хуитныгъэр я нэрыгъыу, ахэр зыщыгсхьыжыкIэ ямыщIэу хахуэхэщ, Атлантик хым щегъэжьауэ Инд хым нэс а лъэпкъым и закъуэщ урыс пащтыхьым кьыбгъэдэкI шынагъуэр зыщхьэщыхьыным тегушхуэдэщ. Псалъэхэр кьызомэщIэкI, а лъэпкъым сызэритхьэкъымрэ си псэр зэрихьэхумрэ къэсIуэтэну сыщыхуежьэкIэ. Мы лъэпкъырщ, си зиусхьэнхэ, кьызэихэкIар иджыпсту ягъэкъуаншэхэм я тIысыпIэм щысхэр. Ахэри уэркъ лIакъуэм щыщхэщ, лIыхъжь щIэрыIуэхэу Маазур *(Шупакъуэ Хьэдуокъуэ Мансур - натыхъуей уэркъ, Урыскавказ зауэм и лъэхъэнэм, 1830 - 1840 гъэхэм дзэзешэу щытахэм яз - М. А.),*

Шамуц *(Шупакъуэ Шамуз - Урыс-Кавказ зауэм пашэу щыта шэрджэс-натыхъуей - М. А.),* Жамболэт *(Бэлэтокъуэ Жамболэт - кIэмырГуеипщ, 1821-1831 гъэхэм я зэхуакум цIэрыIуэ хъуа дзэзешэщуей - М. А.),* псом япэу зи цIэ кьиIуапхъэ, «Кавказым и асЛэн» зыфIаща, уэрэдрэ хъыбаррэ зыхуаусын ямыух Гъуэбзч *(Дыгъужьокъуэ ЩIэрэлIокъуэ Кьызбэч - шапсыгъ уэркъ, 1810 - 1839 гъэхэм я зэхуакум шэрджэс дзэзешэщу щыта, европей газетхэм «Кавказым и асЛэн» зыфIащар - М. А.)* сымэ кьызыхэкIам.

Вольф-уэчылым адыгэ щIалэхэм дзэр ябгынэн хуей щIэхуэ щхьэусыгъуэм тепсэлъыхьын щIедзэ. Абыхэм щIэпхъуэжауэ зыкъалъытэжкIэртэкъым, сыту жыпIэмэ, 1849 гъэм Венгриеи зыщыщидза зауэм хэтыну ираджауэ арат ахэр. Уэркъ щхьэхуиту зэрыщытым кьыхэкIыу, ахэр яшхэр я гъусэу, я Iэщэ-фащэр ябгъэдэлъыжу кIэну арэзы хъури, зраджа Iэнатlэм пэрыувахэт. Дзэм уэстыныр кьыщыIптехуэу щыткъым Кавказым, ахэр унэлуттэкъым икIи сэлэттэкъым, щхьэхуимыту кьулыкъум пэрагъэувэн хуэдэу.

Вольф-уэчылым адыгэ щIалэхэм езыхэм кьыслъагъэ Iэлыщ1ыIу ищIащ: «Ахэр щхьэхуиту урысыдзэм хьихьауэ арат. Ауэ я кьарумрэ я Iэщэмрэ пащтыхьым жьIэщIэ хуащIыну зэрызэгурыIуар зауэр екIуэкIыху кьудейт. Езыхэм я гукъыдэжкIэ зыщIэува унафэт, хэгъэзыхь зыхэмылъ зэгурыIуэныгъэ щхьэхуитт ахэр урысыдзэм щызыIыгъыр. Арами, зыгурыIуар и псалъэм епцIыжащ. Венгрием щекIуэкI зауэр иуха щхьэкIэ, адыгэ щIалэхэр ямыутIыпщыжу полкым хагъэтт.

Абдежи къыщыувыIахэкъым! Ящыщ зы щIалэ полкым и капитаным иубэржьащ. Фегупсысыт абы ищIам къикIым! Шэрджэсейм и къуэ кьыгуэудар, бийм кьрих лейуэ хъуар лъыкIэ зытхьащIыжыр, яубэржьащ! Ауэ щыхьэкIэ, лей зытехьар хабзэм и лъэхъу тIкIийхэм яIыгъщ. Арати, и дзэпщым хуотхьэусыхэ. Дунейр инщ, пащтыхьыр жыжьэ щыIащ. ЩIэпхъуэж щхьэ мыхъурэ?! ИтIани, езыр здэщыIэ гарнизоным уикIыу Кавказ хъуршхэм унэсыжьын папщIэ, Урысей империем упхыкIын хуейт».

«Абы ирихьэлIэу, абыхэм Пруссиемрэ я хьыбар зэхах, - пещэ уэчылым. - Езыхэм сабиибзэ жыIэзыфIэщкIэ зэрыжаIэ дыдэм хуэдэу жысIэнщи, «цIыхуфIхэр щыпсэу, пащтыхьыфI зиIэ» щIынальэм и хъыбар. Зрачри, а къэралым макIуэ. Крушвиц и полицэ Iэзхущ1апIэм Іохьэ. Зы жандарм закъуэ я гъусэу Иноврацлав нэс ирагъашэ. Берлин зэрыкIуэн паспорт кьыIахьын папщIэ тхьапхэр ират, ауэ кьыхуадэркъым. Казармэм яшэри, «Iэщ1эр зыпщIэхэфх» жаIэри кьыжраIэ. А псори зэрызэхахьр кьагурымыIуэ бзэкIэщ».

АдэкIэ уэчылым жеIэ Iуэхур лъыгъажэм зэрыхуэкIуамкIэ адыгэ щIалэхэр зэрымыкъуаншэр. Псори зи лажьэр нэмыцэ кьулыкъущIэхэмрэ зауэлIхэмрэщ. «ГущIэгъуншэу лей зрахахэм щIэпхъаджащIэ фIащыну хуежьащ. Кавказым щыщ тхьэмыщкIэхэм «Пруссием цIыхуфIхэр щызэрагъэцIыхунр» я плъапIэт. Ислъам диныр зезыхьэхэр Хьисэ лъапIэм и лъагъуэм тетхэм я деж зыхъумэжьпIэрэ дэIэпыкъуэгъурэ кьущалъыхьуэу кьекIуэлIати, кьагъуэтар гужьгъэжьрэ зауэ-банэрэщ. Езыхэм дзыхь яхэлIу я псэ хьэлэлыр кьызэIуахат, хьэщIэ хуэдэу чыристанхэм я мафIэм зрагъэун я мураду. Ауэ, хьэщIэм зэрыхуэфащэу, псэхэлъхьэж Іубыгъуэ кьыхуащииным и пIэкIэ, жалым и бдзапцIэшэр кьраутIыпщащ. Мамырыгъэм и Іэнэм кьрагъэблагъэзыжьи и пIэкIэ, фочыпэхэр кьыхуашиящ. Пруссием щщ цIыхуфIхэм далъагъуну зыщщигугъэ чыристан лъагъуныгъэр, хьэщIэ псэ кьабзэжам, цIыху жьIэзыфIэщхэм я гум тегъэпса фочышэм кIэщIашьхьащ.

Сыт хуэдизу кIыIэмрэ щхьэ пудыныгъэмрэ дызэщIиIулIэн хуей дэ иджыпсту! Сыт щхьэкIэ жьIэмэ, тхьдэм дэр щхьэкIэ мыкIуэдыжьын щапхъэу ехьумэ илъэс ипэ мусЛымэхэм чыристанхэм яхуэгъэзауэ кьиитэлъэгъуэ гущIэгъуэр. *(Вольф зи гугъу ищIыр оупIан Абдул-Мэжид мэжар революцэр хилъэфа нэужь, абыхэм я пашэ Кошут Лайош нэрыбгэ 5000 и гъусэу Тырким зэрыригъэхьарщ. Австриемрэ Урысеймрэ я тепщэгъуэхэм мэжар пэщэр кьыдэтыжжаIэри паубыдати, диным хьэщIэр бийм Iэщ1этлъхьэну кьытхуидзэркъым жиIэри, зытригъэхьакъым. - М. А.)* Ар исльам дин зезыхьэм чыристанхэм яхуэгъэзауэ ищIащ. Мыбдежьым сыт-тIэ чыристанхэм кьущагъэлъагъуэр мусЛымэнхэм яхуэгъэзауэ?

Абдежи кьыщынэркъым! Фэ фощIэ мы тхьэмыщкIипщIым шуудзэ эскадронрэ лъэсыдзэ ротэрэ зэрыпагъэувар, абыхэм маисэрэ фочышэкIэ зэребгъэрыкIуар, хьэр зраушта мэзджэшм ещхьу зэрырахужьар, ІугъуэкIэ кьыщIащ хьэдзыгъуанэхэм хуагъадэу, зыщагъэпщкIуа унэхэм мафIэ зэрыщIадзар. Ар кьащыщыщым, гужьеигъуэмрэ гуэзвэгъуэмрэ иракхулIэри, фочхэр, сэшхуэхэр, кьамэхэр, я псэр яхъумжьын щхьэкIэ, кьрапхъуэтащ. А зэхэуэм иныкъуэхэр хауКIыкIри, адрейхэр уIэгъэ щыхъащ. Иджы ягъэтIысхэм я мураду утыку кьрашащ». Уэчылым тригъэчыныхьырт адыгэхэм я лъэныкъуэкIэ кьхъуар зыхьыжыжыгъэу зэрыщытам.

ИтIанэ судым кьрагъэблэгъа, КавказымкIэ Іэщ1агъэлI граф фон Симониц щэрджэсхэр зэрагъэкъуаншэ Іуэхухэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар гурыIуэгъуэ ищIын папщIэ, утыку кьихьащ. «Іэщ1эр бийм емытынщ мусЛымэн хабзэщ, жиIэрт абы. - ЯгъэкъуаншэхэР кьыдэхэкIа бгырыс лъэпкъэмэ хабзэ ткIий яIэщ Іэщ1э ямыIыгъыныр кьахуимыдэхэу. Администрацэм щылажьэхэм адыгэ щIалэхэм «фи Іэщ1эр зыпщIэхэфх» щыжраIа щхьэкIэ, адыгэм и Іэщ1эр кьеIыпхъыным нэхъ емыкIу пхуегъэщIэнукъым. Іэщ1эр пIэщIэлъу упсэунымрэ улIэжьнымрэ шэрджэсым дежкIэ хабзэ кьудейкъым, ар диным кьыхуигъэув пщ1эрылъщ. Фэ абыхэм Іэщ1 кьатефхыну фыхуежьащ, апщIондэху езыхэм я пщIэмрэ я ящIэмрэ фебгъэрыкIуэу кьафIощ1.

Адыгэмрэ абы и Іэщ1эмрэ - зэгуэхыпIэ ямыIэу зыщ. Іэщ1эр абы и псэщ, и гупсысэщ, абы нэхъ льапIэ иIэкъым. Адыгэм Іэщ1эр кьытепхын жыхуэпIэр букIыну ухуежьэным хуэдэ дыдэщ. Лъы ткIуэпс кьыщIэмынэжьхуу зихъумэжьныр абы и Алыхьым и унафэщ, цIыхухэм ягъэува хабзэу щыIэм япэ иригъэщу».

Апхуэдэ щIыкIэу фон Симониц цIыхухэм гурыIуэгъуэ ящищIащ адыгэхэм я дежкIэ Іэщ1э зехьэныр дин хабзэу зэрыщытыр. АдэкIэ Вольф гупсысэ телъыджэм хуэкIуащ: «Сыт хуэдэ щIыкIэу хъуами, цIыхум Іэщ1эр кьеIызыхыну иужь ихьар абы фIэщхъуныгъэкIэ бгъэдэлъ хуитныгъэм зрипщIыта хуэдэу кьокI. Апхуэдэ хамэм епщIэн дэнэ кьэна, кьэралым щыщым епщIэу кьыпхуидзнукъым Конституцэм. Абы кьыхэкIыу, адыгэхэм фочкIэ еуэну унафэ кьызэращтар хабзэм ебэкъуэныгъэу кьэлъытапхъэщ».

ИкIэм уэчылым и унафэкIэ иджыри дэфтэритI утыку кьрахьащ. Зыр урыс пащтыхьым и сэрейм щылажьэ, Пруссием и пащтыхьым и флигель-адъютант граф фон Мюнстер Пруссием хамэ кьэрал Іуэхуэмкlэ и министрым кьыхуригъэхьа тхыгъэрт. Ар мыпхуэдэ щIыкIэу иухырт: «А къэхъуа гуэзвэгъуэм нэхъыбэу щхьэусыгъуэ хуэхъуар уи псэр пыту Іэщ1эр птыну кьыпхуэзымыдэ я хабзэхэмра я лъэпкъ хьэлымрэщ. Іэщ1эр птынар абыхэм я дежкIэ напэтех дыдэщ».

ЕтIуанэ дэфтэрыр - адыгэхэр судыр ебгъэкIуу здэщыIа Иноврацлав къалэм и хейщIапIэм и унафэщI Штефазиус Вольф-уэчылым кьыхуригъэхьа тхыгъэрт. Абы мыпхуэдэу итт: «СызэрыщыгуэзэмкIэ, зи щIыхьыр иныр Кавказым щыщ тхьэмыщкIэхэм уакъыщхьэщыжьынущ. Абыхэм ятеухуауэ судым кьишщэну унафэм си Іуэху зэрыхэмылъым шэч кьытезмыкъэмэ, ягъэкъуаншэхэм я гухьаджэмрэ псалъэ стамрэ япкъ иткIэ жысIэнуIауэ кьыстехуэу кьызэлъытэ. Мы щIалэхэр Польшэм щымыIэу кьыщIыщIэпхъуэжам щхьэусыгъуэ иIэщ. Я капитаныр захуагъэм теттэкъым, кьаурыкIэ кьапэщIэувэрт. Я тхьэусыхафэхэр хабзэкIэ зэпкърахьрэткъым. Адыгэ щхьэхуиту, я Іэщ1эр ящрэ яIыгъыжу зэрыщытым апхуэдэ унафэ кьащIэхьыр захуагъэу кьащигъэхуэщ. Захуэу зыкъалъытэжу кьызэпаупщIащ абыхэм Пруссием и гъунапкъэр. Ахэр зыхуейр Пруссием и пащтыхьым деж кьулыкъу щащIэнырт. Ауэ я Іэщ1эр кьыштрахыу я кьэралым ирагъэкIыжьын зэрыхуейр щыжраIам, бзэрэ ди хабзэкэрэ зэрамыщIэм кьыхэкIкIэ, кьыпапхну зыхуейр кьагурыIуакъым. Гупсысэну зэман иратакъым. МафIэкIэ еуэн щIадзати, езыхэми езыр-езыру жэуап кьратащ, иужькIэ щIэпхъуэри, зэрахуэзфIэкIыу захъумэжащ. Захъумэжыну фIэкIа нэгъуэщI мурад яIакъым. Захъумэж пэтри, гулъытэр яфIэмыкIуэду, зыри зэрамыуKIыным иужь итащ. Ауэ щыхъуэкIэ, унэм щIэуфдауэ щIэсхьу абыхэм яхуэзыгъэкIуар кьебгъэлъагъуэ. Ящыщ нэхъыбэ хаукIыкIыну. Си гур кьабзэу, жысIэр сщIэжу щыхьэту сыкъуэвыфрынущ ягъэтIысауэ махуэ 15-кIэ щысыху, абыхэм ямыщIапхъэ зыри зэрамыщIар, тэмакъкIыхьу, Іэсэу я тезыгьр зэрахьар, я щэнфIагъэм, гъэсэныгъэм, шыIэныгъэм, гумащIагъэм я фIагъэкIэ кьепсэлъэну кьыщыхуиха псомм ягъуэр кьыхэзахуар».

ЗэкIуэдахэр щыхэхагъэкIым, яуKIа нэмыщэ сэлэт псори зыIущIэкIуэдар адыгэ кьяхуар арауэ кьыщIэкIащ. Ягъэкъуаншэхэм я тIысыпIэм щIыху зыукIа зыри темысу арат абы кьикIыр. Езы нэмыщэ сэлэтхэмрэ мушкетёрхэмрэ а Іуэхум и щIыхьэту къэуващ. Иджыри щащIэжащ щIалэхэр езыхэр лъаIуэу Иноврацлав зэрыгъэшар, зы жандарм закъуэ фIэкIа зэрамыгъэсар, Гьуэгу тетыхукIи Іэсэльасэу зэрыкIуар. Зэуэн щыщIадзар «Іэщ1эр кьыдэфт» жраIа нэужьщ.

Вольф-уэчылыр зэреплъымкIэ, ягъэкъуаншэ щIалэхэм кьыщIэхута щIыпIэм и хабзэхэри я бзэри зэрамыщIэм кьыхэкIыу, Пруссием щызекIуэ уголовнэ хабзэмкIэ бгъэкъуаншэ хьунутэкъым, хейуэ кьэлъытапхъэт. ИтIанэми, лъэлыр арэзытэкъым абыхэм зы тезыри трамыльхьэу яутIыпщыжыну, сыту жыпIэмэ, абы щыгъуэм зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ахэр Урысейм иратыжьн хуей хъунут.

ИкIэм судым адыгэхэр Іэщ1э зыIыгъ пльырхэм зэрапэувам щхьэкIэ кьяуаншэ кьалъытэри, ильэситкIэ быдапIэм щалIыгъыну тезыр кьытралъхьащ, ауэ адрей псомкIи хейуэ кьалъытащ. Судым и унафэр кьыщищтэм, кьыхагъэщащ Іуэхур зэхагъэкIыхуи, судым пэплъэхуи адыгэ щIалэхэр зытетыпхъэм зэрытемыкIар.

Унафэ кьащтам лъэныкъуитIри арэзы ищIащ. ЯгъэкъуаншэхэР икъукIэ гуфIат, жаIэр хуэзрадзэкIыу тезырым езыхэм я пщIэр зыкIи зэримыгъэлъэхъышэр хьэдигъэрыIуа нэужь. Ахэр хейуэ кьалъытэнщи нэхъ щыщынэрт, сыту жыпIэмэ, итIанэ Урысейм иратыжьн хуей хъунут, ар лIэныгъэм нэхърэ нэхъ Іеижт абыхэм я дежкIэ.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Къулыкъухэр

Феплъыт къытхуэкІуахэм!

УФ-м и Правительствэ къыдэгъэпэщам щІэуэ цІыху 15 хагъэхьащ, езы Премьер-министрри яхэту

Нахъ зэхъуэкІыныгъэшхуэ зыгъуэтар вице-премьер гупымрэ псэуныгъэм егъэщІылІа ІэнатІэхэмрэщ - ЕгъэджэныгъэмкІэ, ЩІэныгъэмкІэ, Узыншагъэр хъумэныгъэмкІэ, ЛэжьыгъэмкІэ, Спортымкіэ министерствэхэрщ. Экономикэ зыужьныгъэмкІэ министри зэрахъуэжащ, Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхмкіэ министерствэр зэхуащІыжащ - иджы абы и къалэнхэр зыгъэзэщІэнур Экономикэ зыужьныгъэмкІэ министерствэрщ.

- ГУРЫЦУЭГУЭТ егъэджэныгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкмкІэ министрхэр я къулыкъухэм къыдэзрытемыдэнэур, - жеІэ политолог Данилин Павел. - Иужь илъэсхэм абыхэм куэд ятехъуцІыхьащ. Псом хэмыдзу арэзыгъэкъым щІыналъэхэр. Нэгъабэ куэд трахъыныхьащ Узыншагъэр хъумэныкмкІэ министерствэм и къалэнхэр зэрыхэмыгъэзащІэм, ІэнатІэм зэрыэкІныгъэхэр щыщрагъэкІуныкъым ІэщІэкІа щыуагъэхэм. Іэхуэхэр щефІэкІуауэ гу лъыптэркъым егъэджэныгъэ ІэнатІэмк.

ЩІэнхабзэмкІэ министру лжьа Мединский Владимир зэфІигъэкІар мащІэкъым. Абы и тетыгъуэрщ ди къэралым щагъэуфІыкмэхэм трагъэкІуадэр къыщІэхьыж щыхъуар. Арщхьэкіэ, къулыкъущІэр щыщІихьи щыІаеу ягъэхъыбар.

ЩІэуэ Правительствэм хыхьахэм ящыщу ящыгъэгъэльэгъуэапхъэщ экономикэ зыужьныгъэмкІэ министр Решетников Максим. И ныбжьыр илъэс 40 иримыкъуами, ар къалъытэ зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ экономисту. Абы къулыкъу зэмылІэужьныгъэхэр щыІыгъащ УФ-м ЩІыналъэхэмкІэ и министерствэми Пермь крайми. Илъэс щыкІэнэкІэ Москва и Правительствэм министру хэтащ, и иджырей къулыкъым пэрыхьэн ипэкІи Пермь крайм и губернатору илъэсищкІэ лэжьащ.

«Рособрнадзор»-м и Іэтащхьэм и къулыкъур езыхьэкІа Кравцов Сергеи щытхъу иІэщ. Псалъэм папщІэ, абы и жэрдэмкІэ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр зэрат щыкІэрефІэкІуащ: классхэм видеокамерхэр щІагъэуващ. Щэч къытрахьэрхьым егъэджэныгъэмкІэ министр хъуам и къэру псори ІэнатІэр нэхъри егъэфІэкІуэным зэрырихьэлІэнум.

ЩІэнхабзэмкІэ министрыщІэ Любимовэ Ольгэ и лэжьыгъэр нэхъапэм зэхьэлІауэ щытар кинематографыщ. Москва къэрал университетым и журналист факультетыр къэзыуха Ольгэ Щепкиным и цІэр зезыхьэ театр училищэм и ректорым ипхъуэ, апхуэдэуи, урыс актёр цІэрыІуэ Качалов Василий и пхъурылъхъум ипхъуэ.

ЩІыналъэм ирашахэм ящыщу щІэныгъэмэ щІэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ министр Фальков Михаили. 2013 гъэм илъэс 34-рэ фІэкІа зи мыныбжь Фальковыр Тюмень къэрал университетым и ректору хахауэ щытащ, 2018 гъэм ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ президент советым хагъэхьащ. Абы куэд къыбжеІэ.

Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Мурашкэ Михаил узыншагъэр хъумэныкмкІэ министрщІ. Свердловск медицинэ университетыр кІуиха иужь, дохутыр къыззрыгуэкІыу лэжьащ. 2006 гъэм къыщыщІэдзауэ 2011 гъэр къэсыху Коми республикэм узыншагъэр зэхъумэныкмкІэ и министру щытащ, иужькІэ «Росздравнадзор»-м и Іэтащхьэ хъуащ.

ЦІыхуцІэхэр пэрыуващ нэгъуэщІ ІэнатІэ зыбжанэми. Арщхьэкіэ зэхъуэкІыныгъэ нэхъ инхэр къыщыхъуар вице-премьерхэрщ я дежщ. Правительствэм и Унафэщым и Іэ ижьу щытынущ илъэсищ ипэІуэкІэ илъэсиблкІэ Президентым и Администрацэм и «экономист нэхъыщхьэу» щытащ Белоусов Андрей. Абы и адэ Белоусов Рэми экономисту щытащ - КПСС-м и ЦК-м и деж Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ щыІа академием и кафедрэм и Іэтащхьэу лэжьащ, Косыгиным и реформэхэм хэлІыкІыхьащ. 2005 гъэм Белоусов Андрей доклад игъэхьэзырауэ щытащ 2008 гъэм кризис къыздэхъунур, 2011 - 2012 гъэхэм экономикэр зэрехуэхынур къыщыгъэлъэгъуауэ. ІэщІагъэлІэхэм Белоусовыр къалъытэ зэхуахьэса ахъшэхэр хамэ къэрал облигацэхэр мыхьуу, Урысейм и экономикэм хэлъхьэным щІэбэн цІыхуу.

Силуанов Антон кьигъэнэн хуей хъуащ ялэ вице-премьерыи и къулыкъур, арщхьэкІэ, финансэхмкІэ министру къэнэжащ. Ар щыхьэт тохъуэ санкцІэхэмкІэ къыщытракъуза илъэсхэм мыІейуэ зэрылэжьам.

«Ялэрей Правительствэр зэрытекІам, Кабинетыщ Іэ къыззрызэрагъэпэщам сигъэгуфІащ, - къыхигъэщхьэхукІащ журналист цІэрыІуэ, политолог Третьяков Виталий. - Ялэрейм экономикэм зыщІримыгъэужьыфІкІэ, цІыхухэм я хэхъуэхэр къыщимыІэтыфкІэ, ар зэхъуэкІын хуейр».

ЩІэуэ ягъэуза цІыху языныкъуэхэм дагъуэ гуэркэр яхуэпщІ хуэну къыщІэкІынщ, ауэ ахэр дзыхь зэбгъэзэ мыхъунухэм ящыщкъым.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Я къежьэкІари кІуэдыжыкІари зэхуэдэт

Иджы иризодауэ: къезэгъэрэт колхозхэр хьэмэрэ къемызэгъэрэт?

Зэдзейуэ гъавэ щІэным и хабзэр пасэ лъандэрэ къокІуэжкІ. Ар къызыхэкІри гурыІуэгъуэщ - мэкъумэш ІэнатІэми Іэщ гъэхъунми цІыхур езым и къару закъуэкІэ зыпэмыльэщыну лэжьыгъэхэр щымащІэкъым. Аращи, зэкъуэузэн хуей мэхъу. Адрей лъэпкъхэм я деж дыкІуэнкъыми, абы щыхьэт техъуэ куэд ди Іуэрыіуатэ къудейм хэтщ: «ВакІуэдэкІ, «ВакІуэихьэж», н. къ.

АРЩХЬЭКІЭ, 1930 гъэм мазаем и 1-м Совет Союзым зыщыщІидза коллективизацэм хуэдэ нэхъапэм щыІауэ тхыдэм ищІэжыркъым. Ар и пэм къыщыщІэдзауэ и кІэм нэсыху большевикхэм къагупсыса Іуэхут. Сытыт и купщІэр?

Я мыпхъу зэхалъхьэурэ, псоми зэдай хозяйствэхэр (колхозхэр) къызэрагъэпэщащт. Ахэр зэрахьэнут я зэхуэдэ къаруклІэ. БэлпэкІуэм, зэрыжаІэмкІэ, дзтехэнэми и Іыхьэ хэлът. Мыбдежым мыхьэнэ гуэри щиІэтэкъым хэплъхьар зыхуэдизым - щхьэж бгъэдэлъым елъытат. Мис а иужьрейрщ бэлыхьыр къызэрыкІар. НэгъуэщІхэр зыгъэлажьэ къулейхэм (кулакхэм) я дежкІэ ар, дауи, удынишхуэт икІи къемызэгъат. Абы къызэкІыну жэрдэмщ къыхэзыльхьахэм зыкъыпэщІасащ. УхуэкІэщІэм хуэкІуэну епІэщІэкІырэтхэм курыту псэухэри.

1930 - 1932 гъэхэм колхозхэр ямыдэу СССР-м и мэкъумэшыщІэхэм псори зэхэту мин 13-м щІигъуэ зыкъыщалэтауэ щытащ - цІыху мелуани 2-рэ мин 500-м нэсым. АрщхьэкІэ, абыхэм къагъуэныфэкъым властыр зыІэщІэлъхэр. Иужьрейхэм къаГъэсэбэныт залымыгъэ Іэмалхэр. Пэжщ, жьІэн хуейщ къуажэдэсхэм я нэхъыбэм коллективизацэр зэрыдаІыгъар.

НэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэтэкъым

СССР-р щытыкІэ гугъу кьихутат: абы Къухьэпісмкіэ къыщытеуэнкІэ хъунут Инджылызымрэ Франджымрэ зи пашэ Антантэ ЦІыкІур, КъуэкІыпІэмкІэ къыщыхуэдзэлашхэр Япониер. Адрей и гъунэгъуэми дзыхь яхуэпщІыщэ хъунутэхъым. Арати, кьыхуэнэжьи и промышленностым псынщІэу зригъэужьынырт, къэрал пЛъэкхэм яхьихьэнырт. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, индустриализацэм и гъуэгум шэщІауэ теувэн хуейт. АрщхьэкІэ, абы и лЬабжьэр колективизацэрт. Къуажэрат мыпІкъум и къкІыпІэр. Ауэ езы мэкъумэшыщІэхэри хилъафэрэтхьым. Абыхэм ящыщ куэдым я дежкІэ колхоз ухуэкІэм Іэмал къаритырт заузэщІыну: ІэщІагъэ зрагъэгъуэтыну, езы колхозым, щІыналъэм Іэнатіэ зэмылІэужьныгъуэхэм щІыпІэрывэсфыну.

Ялэ илъэсипІлъм кьиГъэлъэгъауэ ухуэкІэщІэр тэмэму къызэрыщІэкІар. 1929 - 1932 гъэхэм мэкъумэшыщІэхэм къэралым ираташ НЭП-м и зэманым кхрахьэлІам нэхърэ зэуэ 1,3-кІэ нэхъыбэ гъавэ (пут мелуани 3-рэ мин 738,6-рэ). 1930 гъэм Совет Союзым нэгъуэщІ къэралхэм ярищащ гуэдз тонн мелуани 5-рэ мин 84-рэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы къыщІэкІа ахъшэр хуабжу щІэгъэхъуэзэн хуэхъуащ индустриализацэм.

Колхоз ухуэкІэм фейдэ зэрыпылъыр ди къэралым сэбэп кьыхуэхъуащ зауэм зыщыхуэигъэхьэзырыми езы зауэр щекІуэкІми. АрщхьэкІэ, а зэхуэдэкІыныгъэм и зэранкІэ ЦІыку мелуани 4 - 5 ягъэкІуэдащ, щыпсэу щІыналъэхэм ираГъэкІащ ЦІыку мелуани 4. А псоми яхэлъхьэж 1932 - 1933 гъэхэм гъаблэм зи гъащІэр ихьа цІыху мелуанхэр.

Аращи, долъагъу коллективизацэм и гъэзэгъ нэщхьащэу зэрыщытыгар. Псом хузымыдзу хьэлъащ зауэ нэужь илъэсхэр. «Гуэдз щхьэмыжищым и хабзэм» (арат абы фІащар) и зэранкІэ яГъэтІысащ цІыху минхэр. Ахэр зэрыкъуанщэ я бын мэжащІалІэхэм ирагъэшхын тІэкІу кьызэращтарт. Къуажэдэсхэм къалэжь псори здащІыр къалэрт. Ар, дауи, захуагъэтэкъым.

Дэ, нэхъыжьхэм, дощІэж блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм Іэхуэхэр зэрыщытар. МэкъумэшыщІэхэмрэ Іэщіыхьэхэмрэ удахуэхэр ирату щІадзат, ауэ ар мащІэ дыдэт, я пенсэ сом 12-ми хуэдэу. Класс нэхъыжьхэм щеджэхэр гъэлъэгъуенхэм щІэджэхэр гъэлъагъуэм дыщылажьэрт, къыдатышхуэ щымыІэу - зы нартыхьэ хьэсэ гектар дыпщІэмэ (ар зы километр псо я кІыхьаГъуэ сатыр 14 хъурт, иджыри къэс сощІэж) хуэзэр соми 2-рэ ныкъуэрэт. Гъавэ къехьэлІэжьыгъэхэри арат. ГъэщІэгъэунэщ, ауэ дэнэ Іэнатіи Іэпщэ къэрур щытепщэрт. Псори зи зэранри ищхьэкІэ къыщащтэ унафэ купщІэнщэхэрт. Хэтыт езыхулІар апхуэдизу епІэщІэкІыу щыщІэр къагъэІурыщІэнэу? Къэралым щагъэхьэзыр мэкъумэш щащІэ щыпІэхэм япыс щыІэтэхъым. Ар щыугъэ дыдэу зэрыщытар зэманым къиГъэлъэгъауэ.

Ауэрэ колхозхэр нэхъ лъэрызехьэ хъужащ. Абыхэм мымащІэу къаехьІащ мелуанырыбжэ хъуахэри. ЦІыхухэм нэхъыбэ яІэрыхьэрт, лэжьакІуэ пэрытхэр санаторохэм яГъэкІуэрт. Ахэр депутату хахырт, орденэмрэ медалхэмкІэ яГъэпажэрт. Къуажэдэсхэр колхоз ухуэкІэм апхуэдизкІэ есати, нэгъуэщІ щыІэу ящІэртэкъым.

Мис апхуэдэурэ екІуэкІащ 90 гъэхэр къэсу властыр «реформатор къэунэхуэхэм» яІэщІыхьэхуІэ. Ахэр мэкъумэш ІэнатІэм ебгъэрыкІуащ. РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэу щыта Хасбулатов Руслан игу кьигъэкІыжащ мыр: «Сессиехэм ящыщ зым дыщедаІуэрт Финансхэмкіэ министерствэм и лэжьыгъэм. Депутатхэм ящыщ зыр министр Ковалёв Валентин еупщІащ мэкъумэш ІэнатІэм зэрызэрагъэужьыну я мурадымкІэ. Абы мыпхуэдэ жэуап кьиТащ: «Дэ мэкъумэш хозяйствэм зедгъэужьыныкъым. Дрикъунущ щыдагъэмрэ газымрэ кьыщІэтхым». Псори зэщІэдыхьэшхащ. Къэралым щыпсэу къуажэдэс мелуанхэм ящІэнур сытыт? ИкІэм-икІэжьым, Іуэхур абы хуэкІуащ». Мис апхуэдэ къупльэщІэхэрщ а лъэхъэнэм Правительствэм хэтар. Колхоз ухуэкІэр зыкъутэжкари ахэращ. Псори зэсэжа а лэжьэкІэ-зэхэтыкІэ хьэлэмэтыр яГъэкІуэдыжмэ нэхъ хъащтащ, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр лъэныкъуэ ирагъэз нэхърэ.

Иджы щыІэр дэ долъагъу. Нэхъапэм къуажэ псор зыхэпсэукІыу щыта щІыр цІыху зытІощІырыпщІым яІэрыхьащ. Дэтхэнэ нэрыбгэ узынщэри колхозым щылажьэ хъууэ щытамэ, иджы къуажэдэсхэр хэкІыпІэнщэу къэнащ. Пэжщ, щІыр зыубыда фермерхэм яхуолажьэ, къыхуащІ я упафэу. Къажьуэ къыжраІэмэ, макІуэ, къыжрамыІэмэ, дэсщ. Ауэ ари пІалъэкІэ яГъуэт ІэнатІэщ, апхуэдэ къуажэдэсхэм лэжьакІуэ тхъилъ яІэхъэхъыми, я щІэкІэ Пенсэ фондым зыри кІуэркъым. Жьы хъумэ-щэ?

Нэхъапэм колхоз ухуэкІэм дагъуэу щытар псори зэрызэхуигъадэрт. Ауэ ар пэжкъым, нэхъ къыхэжаныкІэхэр яГъэпажэрт сыт и лъэныкъуэкІи.

ЩІыпІэ куэдым кьыщызэтенащ колхозхэр. Псом хуэмыдэу Ставропольем, Краснодар крайм, Ростов областым. Абыхэм лэжьыгъэр щІэм, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, захуагъэм тету щызэтраухуащ икІи ахэр здэщыІэ къуажэхэм Іэнатіэнщэхэр къыщыгъэтыгъейщ.

● Футбол

КІэух увыпІэхэм щызэрызохьэ

Ди республикэм футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къигъэлъэгъащ гуп нэхъыщхьэр ябгьнэну зыри зэрыхуэмейр. Турнир таблицэм кІэух увыпІэхэм щытхэр, я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъащІэри, зымащІэкІэ къыдэкІуэтеящ.

КЪЭРЭГЪЭШ и «Иналымрэ» Налшык и «КъБКъМУ»-мрэ иджыри къэс текІуэныгъэ зырыз зэхьэзэхуэм къыщахьауэ арат. Куэдым ящыгъупщжат а Іуэхугъуэхэр къыщыхуэари. Къащтэмэ, къэрэгъэщдзэсхэм ар къащІэнгъэ Іэнатіэ дыгъэгъаззм и 14-рац, «Спартак-Д»-р 2:1-уэ хагъащІэри. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студентхэми текІуэныгъэм я ІэфіаГъэ щызыхащІар дыгъэгъаззм и 29-м зэхэта зэІущІэрат, езым хуэдэу кьыкІэрыху «Иналым» зы топ закъуэ жэуапыншэу худагъэкІри. Дауи, а гІуэру апхуэдэ джэгуКІэм иужь дыдэ увыпІитІым къыщыгъэхутат. Щэбэт кІуамрэ тхьэмахуэмрэщ «Иналымрэ» «КъБКъМУ»-рэ я еГІуанэ текІуэныгъэхэр щызыІэрагъэхьар икІи занщІэу турнир таблицэм зыкъыщалэтащ. Къэрэгъэщдзэсэр Сэрмакъ и «Союз»-мефІэкІащ, студентхэм «Спартак-Д»-р хагъэщІащ.

Иджы абыхэм я пІэм иуващ Прохладнэ и «ГорИС-179 РусГидро»-р. Ар и закъуэу «ГупкІэм» зэкІэ къыщынащ.

Пашэхэм я гугъу пщІымэ, «Кэнжэмрэ» «КъБКъУ»-мрэ зэпэщІэтыныгъэ гуащІэ ящІащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри чемпионыгъэм щІобэн. ЗэІуцІэм щыдагъэкІа топ закъуэм кэнжэдэсхэр тригъэкІуащ.

Очкоищ щэбэт кІуам хигъэхъуащ «Автозапчасть»-ми. Гугъуехьышхуэ пылъу ар «Табугент»-мефІэкІащ.

ЗэхъуэкІыныгъэ къыщыхъуащ гъуащхьауэхэм я зэпеуэми. Абы бжьыпэр щиубыдащ Налшык и «Спартак»-мрэ Новороссийск и «Черноморец»-мрэ щыцІэжгъуа лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм фІыуэ къащІыхуа Въэрэлъашэ Жэмалдин. Иджыпсту зыхэт Сэрмакъ и «Союз»-м и цІкІэ мы зэхьэзэхуэм абы топ пщыІэкІутху щыдигъэкІащ. Къэрэгъэлашэм къыкІэлъокІуэ «ХьэтІохъущкъуэйм» и пашэ Молэ Андемыркъан. Ар пщыІэщІрэ кьыхэжаныкІащ.

АдэкІэ фыщыдигъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къыриКІуа бжьыгъэхэм: **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Инал»** (Къэрэгъэщ) - **1:2**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Малка»** (Малкэ) - **1:3**, **«Табугент»** (Табугент) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **1:2**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«КъБКъУ»** (Налшык) - **1:1**, **«ХьэтІохъущкъуэй»** (ХьэтІохъущкъуэй) - **«ГорИС-179 Рус+Гидро»** (Прохладнэ) - **2:1**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:3**, **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019/2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	10	8	2	0	30-6	26
2.	**«Кэнжэ»**	10	8	2	0	22-3	26
3.	**«Мурбек»**	10	6	4	0	34-8	22
4.	«КъБКъУ»	10	7	0	3	25-15	21
5.	«ХьэтІохъущкъуэй»	11	5	2	4	24-24	17
6.	«Шагъдий»	11	5	1	5	18-19	16
7.	«Союз»	10	5	0	5	22-25	15
8.	«Тэрч»	10	4	2	4	14-13	14
9.	«Табугент»	11	4	1	6	21-20	13
10.	«Малка»	10	4	1	5	12-18	13
11.	«Спартак-Д»	10	3	2	5	16-12	11
12.	«КъБКъМУ»	10	2	1	7	7-20	7
13.	«Инал»	10	2	1	7	10-26	7
14.	«Ислъэмей»	11	1	4	6	12-25	7
15.	**«ГорИС-179 РусГидро»**	**10**	**1**	**1**	**8**	**3-36**	**4**

● Щыхьэрхэр

Словакием и къалащхьэ Братиславэ илъэс миным щІигъу тхыдэ иІэщ. Ар уэрам зэвхэмкІэ, курыт лІэщІыгъуэхэм щыІа архитектурэм тету ящІа унэ тельыджэхэмкІэ къулейщ. Дунай псышхуэм Іус мы щыпІэм зэ дунеяпІэ къэкІуам къытримыгъэзэжьынкІэ Іэмал иІэкъым. Езы щыхьэрыр къауэрыуерихь гъавэ бэв къыщрахьэлІэ, жьыузмейхэр щыбгъуэ къуажэхэм.

● Сатыр зыбжанэкІэ

ІуэрыІуэтэжхэр

Язныкъуэхэм деж абыхэм ухагъэгъуазэ тхыгъэшхуэхэм къыщыпщІэм нэхърэ нэхъыбэм

Уи пщІэр зэлъытар

СССР-м Іэщэкіэ зьэзащІэуэзэдэныкмкІэ и цІыхубэ комиссарым и кІуэдзэу, институт нэхъ пажэхэм ящыщ зым и унафэщІу щыта Ванников Борис лъэхъуащым ист. Хэку зауэшхуэм щІидза иужькІэ, ар Сталиным и деж яІэшри, Іэщэкіэ зьэзащІэуэзэдэныкмкІэ цІыхубэ комиссарыр ягъэуваш.

Къэбгъэтаи, ущыщысхьи зэман, - еХьурджэуащ абы Сталиныр. - КІуэи, лажьэ. УзыщІэупщІэн щыІэ?

- Нобэ нарком сыхъуами, дыгъуасэ тутнакъыу сыщытащ. Сыт хуэдэпщІэ сэ къысхуащІынур?

- Уэ уримыгъазаво къыпхуащІыну пщІэр зыхуэдизым, - пигъэщхъащ вождым. - Ар дэ ди Іуэхужщ.

ЕтІуанэ махуэм и пщэдджыжьым лэжьапІэ щыкІуам абы и стІолыщхьэм «Правда» газетым и номерыщІэ телът Ванниковым «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэр къыззрыфІащам теухуа указыр тету.

КІапсэр къезэгъыркъым

КъыпыкъуэщІэхэм мыльку зэрызэралъэфалІэм теухуа псалъэмакъым зэгуиГъэпа Пётр Безэнэм обер-прокурорыр ириджэри, жриІащ:

- Тхы унафэ: нобэ къыщыщІэдзауэ кІапсэ къызыщІэкІын ахъшэ Іупхъэуэ къеІызыхьи и щхьэр пальэнущ а кІапсэ дыдэмкІэ!

- Ар хуабжу къемызэгъащ, Зи ЩІыхьыр Лъагэ! - идакъым хабзэхьумэм. - ИтІанэ уэ блыгущІэт уимыІэжьхьэу укъэнэнущ. Дэ псомэ зыгуэр къыІыдох: хэт нэхъыбэ, хэти нэхъ мащІэ...

Іуэхур зыхуэкІуэжьр

Крылов Иван апхуэдизкІэ цІыхуфІти, зыми и жаГъуэ ищІыфырытэкъым: псоми ящытхъурт.

И ныбжьэгъу гуэр ехъурджэуащ.

- Уэ усэ псоми фоупс тыбогъэльадз. ЗэфІэкІ зыбгъэдэмылъэхэри уоІэт. Мис мы щІалэр уэрамым дэтщ, уэ абы и усэ тхылъым хутептхэжэ зигъэщІагъуэу цІыхуэм ярегъэльаГъури.

- ЯгъэкІынкъым, - жэуап итьжащ Крыловым. - Псоми ящІэ сэ басняхэм фІэкІа нэгъуэщІ зыри зэрызмытхьэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхъэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Шэч зыхуащІыр яубыдащ

Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм 2020 гъэм мазаем и 1-м зыхуигъэзащ Прохладнэ къалэм щыпсэу, илъэс 40 зи ныбжь цІыхухъум. Абы зэрыжиІамкІэ, имыцІыху щІалэм, кІэрахъуэм ещхь гуэррэ къаруклІэ къигъэшынэурэ сом мин 50 Іэщ Іихьну хэтащ.

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ а Іуэхур зэхагъэкІыныр, шэч зыхуащІыр яубыдащ. Ар нэхъапэми суд зытращІыхьа, илъэс 26-рэ хъу, а щІыпІэм щыпсэу цІыхухъущ.

Яубыдахэр пІалъэкІэ щаІыгъ и изоляторым щыІэщ ар. Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къкІэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 163-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ. Къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІ.

Наркотикхэм ІкІ килограмми 3-м нэблагъэ

Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ щыналъэм щиІэ къудамэм и полицейхэм илъэс 51-рэ зи ныбжь тырныеуэдэсым и унэр, абыкІэ хуит узыщІ тхыльхэр яІэу, щІащІыкІащ.

ЗыГъэпскІыпІэ пэшым, апхуэдэуи пщІантІэм къыщащІуэтри, унэр зеим къытрахащ мэ къызыхих къэкІыгъэхэкІэр зэрылъ пакетхэр. Хабзэхъумэхэм апхуэдэу афиянымэ къызыкІэрих къэрэкъуэрэр къыщІахащ гуэщым.

ЦІыхухъум зэрыжиІамкІэ, къытрахар «марихуанэ» наркотикхэщІ, езым зрихьэлІэн папщІэ гъэмахуэм зэхуихьэсауэ.

Экспертизэм къигъэлъэгъуащ ар зэрынаркотикхэкІыр, къытрахар граммэ 2872,34-рэ зэрыхъур.

Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Налшыкдэсыр къалъыхъуэрт

КъБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и ІэнатІэмрэ къалэ управленэмрэ я лэжьакІуэхэм яубыдащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 53-рэ хъу налшыкдэсыр.

ІлъхъУХЪР къэралым ыкІыжащ ІуэрыІуэныгъэмкІэ и ІэнатІэмрэ къалэ управленэмрэ я лэжьакІуэхэм яубыдащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 53-рэ хъу налшыкдэсыр. ЩІэуэ яГъуэуа цІыху язныкъуэхэм дагъуэ гуэркэр яхуэпщІ хуэну къыщІэкІынщ, ауэ ахэр дзыхь зэбгъэзэ мыхъунухэм ящыщкъым.

ЩІэуэ яГъуэуа цІыху язныкъуэхэм дагъуэ гуэркэр яхуэпщІ хуэну къыщІэкІынщ, ауэ ахэр дзыхь зэбгъэзэ мыхъунухэм ящыщкъым.

Зыгъэхъэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфіыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ Іэныщэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэрэ щІыналъэхэм я зэмылІэужьныгъэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суэттехэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтеху щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елъытауэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *суэттехэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейр ещІыж сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.107 ● Заказ №89